«Гъэгум шынагъуэншагъэр къыщыззгъэпэщыныр Іэнатіэ куэд зэгугъупхъэ къалэнщ»

Путин Владимир Къэрал советым и президиумым и зэіущіэ иригъэкіуэкіащ. Абы хэтащ КІуэкіуэ Юрий

Путин Владимир Ярославль къалэм дыгъуасэ щригъэкіуэкіащ Къэрал советым и президиумым и зэхуэс. Урысей Федерацэм и гъэгуэгум шынагъуэншагъэр къыщыззгъэпэщыным теухуауэ щытар. Абы и лэжьыгъэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкіуэ Юрий.

УРЫСЕЙМ и Президентым абы къыщигъэува къалэн нэхъыщхьэ дыдэр «гъэгу къэхъукъащІэхэм цыхуу хэкІуадэхэмрэ абыхэм фэбжь щызыгъуэтхэмрэ я бжыгъэр гъэмэщІэныргщ». Ильэспи щІлэкІам къэралым и гъэгуэгум щыхэкІуэдащ цыхуу мин 350-рэ, фэбжь зэхуэмыдэхэр ягъуэтащ мелуаницым щІигъум.

Къэралым и Унафэщ Іым къыхигъэщащ гъэгум зэрыщызекІуэ хабзэхэр къызэпызыдхэм тралъхь тезырхэр нэхъри щІэгъэткІиеным зэрителъхьэр, апхуэдэуи, хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмрэ граждан жылагъуэм и институтхэмрэ я лІыкІуэхэр а Іуэхум ыкъэхщауэ, цыхуэхэм профилактикэ лэжьыгъэ ядгегъэкІуэкІыным, апхуэдэ щытыкІэ къыхэтхэм зыхащІыкІыпхъэхэм щыгъэгъуззэныр нэхъ мыждэру къызэрэпэщым зэрыхуейр.

«...Гъэгум шынагъуэншагъэр къыщыззгъэпэщыныр Іэнатіэ куэд зэгугъупхъэ къалэнщ. Ар зэфІэхьныкІэ жэуапльныгъэшхуэ я пщэ къыдохуэ властым и орган псоми, абы зи Іуэху хэлъ Іэнатіэхэми, субъектхэми. Щыналъхьэм я транспорт Іэнатіэм зегъэужьным пыщІа Іуэхухэр законым Іэмал имыІэу иубзыхуу щытыныр и чэзу хъуащ, а лэжьыгъэм гъэгуэгум шынагъуэншагъэр къыщыззгъэпэщыныр абыхэм хабзэр зэрыщагъэззащІэм кІэпльпльныкІэ щхьэхуэу къыщыхэгъэщауэ», - жиІащ Путин Владимир. Гупытэ хэха хуищІащ гъэгуэгум фэбжь щызыгъуэтахэм къаззрыщхьэщыж, я сэбэп зыхэлъхэр къызэрахутэ Іэмал нэхъыбэ къэгъэсэбэпным, гъэгу къэхъукъащІэхэм хэхуахэм мылькукІэ фІэкІа хэщІныкІэ ямыгъуэтамэ, полицэм и лэжьакІуэхэр хэмыту а Іуэхур зэхэгъэкІыныр, апхуэдэу гъэгу-транспорт къэхъукъащІэхэм фэбжь щызыгъэтахэм и чэзум медицинэ дэІэпыкъуныгъэ етыныр егъэфІэкІуэным, «ЭРА - ГЛОНАСС» къэрал хъыбарегъащІэ Іэмалыр нэхъ мыждэру къэгъэсэбэпным хуэкІуэным.

Къэбэрдей-Балъкъэрым 2013 - 2015 гъэхэм гъэгуэгум щызекІуэным стандартыщІэхэр къызэрыщагъэсэбэпам и фІыгъэкІэ, гъэгуэгум къыщыхъуу зэжьэхэуэхэр хуэдитІгъ ныкъуэм щІигъкІэ, абыхэм зэкІуадэхэмрэ фэбжь хэзыхэмрэ я бжыгъэр хуэдиплІкІэ нэхъ мащІэ щыхъуащ. Республикэм и гъэгуэгум апхуэдэ къэхъукъащІэхэр, псэдзыгъэ къэзышэ, цыхуэм фэбжь хьэлъэхэр щагъэутхэр нэхъри щыгъэмэщІэным хуэгъэзауэ ди деж щахуэу автомобилхэр зезыгъакІуэхэм я ІззэщІэзыбыдэ «Кавказ-Автосити» центрышхуэр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іам Іэ.

Дзасэжь Хь. У. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхыльыр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Цыхуэпсэмрэ цыхугъэмрэ къагъэщІа беягъэр хъумэным зэрыхуэщхьэпэм икІи жылагъуэ гъащІэм жыджэру зэрыхэтым папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхыльыр етын **Дзасэжь Хьэзрэталий Уэлий и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Муслъымэнхэм я дин Іуэхущ Іам и тхьэмадэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм гъатхэпэм и 14-м
№26-УГ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. республикэм и Муслъымэнхэм я VII съездым и делегатхэмрэ абы хэтахэмрэ

ЗЭРЫЗАХУИГЪЭЗАР

Съездым и делегатхэ, хьэщІэ лъапІэхэ!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Муслъымэнхэм я VII съездым и делегатхэм фІэхъус сэлам фызэх икІи лэжьыгъэ тэмэм ефхьэкІыну сыныбохъуэхъу.

Мы съездым и мыхьэнэр нэхъри кьелэт ди жылагъуэм и деж диным щІэ пщІэр нэхъ ин зэрыхъум. Дэ нэгъэсауэ къыдолъытэ муслъымэн жэмыхьэтым республикэм иц лъэпкъхэм, дин зэмылІэужьыгъуэхэр зыІыгъэхэм яку дэлъ мамырыгъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ гъэбыдэныкІэ куэд зэрызэфІигъэкІыр. Республикэм щыпсэухэм я нэхъыбапІэм я дежкІэ ислъамыр зэхэщІыкІ лъагэм, гурыщІэ кьабзэхэм, цыхугъэм я кьежьапІэщ. Абы къыдэкІуэу гу лъыдмытэу къэдгъанэ зыхунукъым ди лъэпкъхэм ди зратыжу зэрыхуежьам хабзэхэмрэ лъэпкъ зэхэщІыкІыкІэмрэ къызэралэтыжьым и мызакъуэу, абы Іуэху мыщхьэпэхэри къызэрыдэкІуэм, язныкьуэхэм ислъам щытынырэ и чэзу хъуащ, а лэжьыгъэм гъэгуэгум шынагъуэншагъэр къыщыззгъэпэщыныр абыхэм хабзэр зэрыщагъэззащІэм кІэпльпльныкІэ щхьэхуэу къыщыхэгъэщауэ», - жиІащ Путин Владимир. Гупытэ хэха хуищІащ гъэгуэгум фэбжь щызыгъуэтахэм къаззрыщхьэщыж, я сэбэп зыхэлъхэр къызэрахутэ Іэмал нэхъыбэ къэгъэсэбэпным, гъэгу къэхъукъащІэхэм хэхуахэм мылькукІэ фІэкІа хэщІныкІэ ямыгъуэтамэ, полицэм и лэжьакІуэхэр хэмыту а Іуэхур зэхэгъэкІыныр, апхуэдэу гъэгу-транспорт къэхъукъащІэхэм фэбжь щызыгъэтахэм и чэзум медицинэ дэІэпыкъуныгъэ етыныр егъэфІэкІуэным, «ЭРА - ГЛОНАСС» къэрал хъыбарегъащІэ Іэмалыр нэхъ мыждэру къэгъэсэбэпным хуэкІуэным.

Къэбэрдей-Балъкъэрым 2013 - 2015 гъэхэм гъэгуэгум щызекІуэным стандартыщІэхэр къызэрыщагъэсэбэпам и фІыгъэкІэ, гъэгуэгум къыщыхъуу зэжьэхэуэхэр хуэдитІгъ ныкъуэм щІигъкІэ, абыхэм зэкІуадэхэмрэ фэбжь хэзыхэмрэ я бжыгъэр хуэдиплІкІэ нэхъ мащІэ щыхъуащ. Республикэм и гъэгуэгум апхуэдэ къэхъукъащІэхэр, псэдзыгъэ къэзышэ, цыхуэм фэбжь хьэлъэхэр щагъэутхэр нэхъри щыгъэмэщІэным хуэгъэзауэ ди деж щахуэу автомобилхэр зезыгъакІуэхэм я Іззэщ Іэзыбыдэ «Кавказ-Автосити» центрышхуэр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іам Іэ.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№45 (23.203) • 2016 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 15, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий:

КъБР-м и социальнэ политикэм и унэтІныгъэ нэхъыбэр цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэнырщ

***Къэбэрдей-Балъкъэрым и социально-экономикэ зыужьыныгъэр дызэрыт илъэсым нэхъыбэу зыхуэунэтІауэ щытынур технологие лъагэхэр зи лъабжьэ, нэгъуэщІ къэралхэм къыщащхьэхуэм фІагъкІэ къыкІэрымыкъу продукцэ къыщІэзыгъэкІ Іэнатіэхэр нэхъыбэ щыныр, урысей, нэгъуэщІ къэрал инвесторхэр республикэм и экономикэм къыхэшэныкІэ лэжьыгъэхэр щІэгъэхуэфащэныр, бизнесым Іэмал тэмэмхэр къыхуэзгъэпэщныр, бюджет Іэнатіэм пыщІа лэжьакІуэхэм я улахуэр къэІэтыныр. Абы къыдэкІуэу гулъытэшхуэ хуащІынуц социальнэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхухэм, уэзыншагъэр хъумэныкІэ Іэнатіэри абы хиубыдэу, защІэгъэкъуэным.*

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий «Интерфакс-Юг» агентствэм ирита интервьюм щытепсэлъыхьащ инвестицэ политикэр зыхуэдэм, социальнэ мыхьэнэ зиІэ проектхэр зэрагъэзащІэм, экстремизмэм пщІэтыныкІэ ялэжьхэм.

- Юрий Александр и къуэ, дызыхьэха илъэсым псом япэу зэфІэвгъэкІыну фи мурад экономикэ, социальнэ къалэнхэр сыт хуэдэ?

- Зэрыхабзэу, кризисым и лъэхъэнэм экономикэ политикэм и унэтІныгъэм зехъуэж. Дэ иджыпсту диІэ Іэмалхэмрэ хэкІыпІэхэмрэ хуэдунэтІныщ экономикэм и Іэнатіэм адэкІи зегъэужьыным. Хэхауэ защІэдгъэкъуэнущ экономикэм зегъэужьныкІэ нэхъ мыхьэнэхуэ зиІэ Іэнатіэхэм: промышленностым, транспортым, энергетикэм, бизнесым и Іуэхущ Іам Іэ мыинэмрэ курытэмрэ.

Урысейм и экспорт центрым дэ едгъэхьащ республикэм и экспортыр пхыгъэкІыным хуэгъэза Іуэхутхьэбзэхэр дэгъэкІынымкІэ заявкэхэр. Апхуэдэу дэ дгъэхьэзыращ «Газпром», «Ростех» «Норникель», «Роснефть», «РЖД», «Росгеологие» зэгухьэныгъэхэр зыхуэИ продукцэ лІэужьыгъуэхэр яхуегъэшэныкІэ Іуэху пыухыкІахэр. Ди предприятэхэм идкиныгу щІадзэу къыщІагъэкІыфыну е зэман гъунэгъум зэтраухуэу къыщІагъэкІыу зыщІадзэну продукцэ лІэужьыгъуэу абы къыщыгъэлъэгъуахэр 20-м щІегъу. Дэ адэкІи пыдощэ промышленностым и зэхэлъкІэр зэхъуэжІкІынымкІэ лэжьыгъэм икІи ар нэхъыбэу зыхуэунэтІар щІэныгъэм и екъулІэныгъэхэр кууэ къыщагъэсэбэп, технологие лъагэхэр зэрыщыгъэсэбэп, технологие лъагэхэр зэрыщыгъэ Іэнатіэхэм инновацІэ Іуэхур щІэзыгъэхуабжьэхэр нэхъыбэ щыныщ.

Иджыпсту промышленностым, мэкъумэш хозяйствэм, туризмэм, энергетикэм, транспортым, псэупІэхэр ухуэнымкІэ Іэнатіэхэм инвестицэ проекту 40-м нблагъэ щагъэзащІэ. Абыхэм ящыщщ Зэрэгъыж ГЭС-р ухуэнри икІи ар дыззрыт илъэсым къриубыдэу хьэзыр щыныр. ГЭС-р лажьэу яутІыпщмэ, республикэм кьигъэсэбэп электрокъарум щыщу езым кІыпІэжьыжьир процент 40-м нэсынущ.

Дэ хуабжьу ди гуапэу дадэлэжьэнущ нэгъуэщІ хьэралхэм щыщ цІыхухэмрэ Іуэхущ Іам Іэхэмрэ икІи кьедгъэблэгъэну дыхьэзырыр зэман кІыхьым тещІыхьауэ къыщдэлэжьэну зи мурад инвесторэр. Дызэрыт илъэсым и пэщІэдзэм полимер кьабзэхэр къыщІэзыгъэкІыну «Этана» заводымрэ Китайм и къэрал корпорацэхэмрэ зэращІылІа контрактым Іэмалыщ Іэхэр къызэІуех федеральнэ, республикэ бюджетхэм я хэхуэхэр нэхъыбэ щІыныкІэ.

- Узыншагъэр хъумэныкІэ Іэнатіэм сыт хуэдэ проектхэр щагъэзащІэрэ, абыхэм ящыщу сыт хуэдэхэр дызэрыт илъэсым зэфІагъэкІыну?

- 2016 гъэм дэ республикэ перинатальнэ центрыр лажьэу дутІыпщыну, онкология диспансерыр ухуэнри нэдгъэсыну кьыгтІэщІитщ.

Абыхэм кьадэкІуэу иджыпсту дугупсыс психоневрологие диспансерыр къызэІуахынымкІэ зэгъэпэщыжыным, Налшык къалэм и нефрологие центрыр къызэІуахынымкІэ, нэгъуэщІ Іуэхущ Іам Іэ щхьэхуэхэр зэгъэпэщыжыныр зэгъэфІэкІуэнымрэ.

Технологие лъагэхэр зи лъабжьэ центрхэр ухуэнымрэ клиникэхэр иджырей ІэмэпсымэхэмкІэ къызэгъэпэщыныр къадэкІуэу, дяпэкІи Іуэху нэхъыбэхэм ящыщу екІуэкІынущ узыншагъэр хъумэным хуэгъэза профилактикэ лэжьыгъэм, диспансеризацэм, пэублэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэм зегъэужьныр, псом хуэмыдэу абы и лъэныкъуэкІэ къуажэхэм хуащІ гулъытэр къэІэтыныр.

Нобэм ирихьэлІэу дэ къызыхуэтынцІэу дыкъызэгъэпэщащ фельдшер-акушер пунктхэмрэ дохутыр амбулаторэхэмкІэ. Технологие лъагэхэр зи лъабжьэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэ ди деж зыщрат сымаджхэр кІуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу. Къэбгъэлъагъуэмэ, 2014 гъэм апхуэдэ дэІэпыкъуныгъэ зратауэ щыта цІыху 520-м я пІэкІэ 2015 гъэм технологие лъагэхэр зи лъабжьэ ІэмалхэмкІэ зэІэзэр 3250-м нэсащ, абыхэм ящыщу 500-м зи гугъу тщІы медицинэ дэІэпыкъуныгъэ нэхъ япэкІэ республикэм и клиникэхэм зэфІамыгъэкІыфу щытахэр ягуэтащ.

Узыншагъэр хъумэным цІыухэр нэхъ егугъуу зэрыхуежьамкІэ псом япэу сэбэп хъур хьэралым физкультурэмрэ спортымрэ зэрызэщІигъакъуэрщ. Иужьрей илъэситІ кьудейм кьриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым узыншагъэр щрагъэфІакІуэ физкультурэ комплексу 11, стадиону 2, спортым и лІэужьыгъуэ зэхуэмыдэхэм зыщыхуагъасэ губгъуэу 5, нэгъуэщІ ухуэныгъэ зыбжанэ къыщыззІуахащ. Дызэрыт илъэсми муниципалитетхэм спорт ухуэныгъэхэр щекІуэкІынущ, псом япэу спортым и лІэужьыгъуэ зэхуэмыдэхэм зыщыхуагъасэ губгъуэу ящыныщ. ИкъукІэ мыхьэнэшхуэ иІащ цІыху куэд къызэщІэзыубыдэ спортым зегъэужьным хуэгъэза инфраструктурэ зэтегъэуэвэным.

ЗэрыгурыІуэгъэщи, япэ игъэщІапхъэ Іуэхухэм ящыщщ егъэджэныгъэмкІэ Іэнатіэм зегъэужьныр. А Іэнатіэм мылъку и лъэныкъуэкІэ бгъэдэлъ зэфІэкІыр кьэІэтыным хуэгъэза лэжьыгъэшхуэ екІуэкІащ. ЦІыху 550-рэ зэщІэхуэн школ, сабий 1240-рэ зэкІуэлІэн саду 9 къызэІуахащ. ЕджапІэ 80 сытКІи зыхуей хуэзэу зэгъэпэщыжыныкІэ, егъэфІэкІуэныкІэ лэжьыгъэхэм япкъ итКІэ цІыху 3245-рэ зыщІэхуэн сабий садхэр къызэІуахащ. А щІыкІэм тету республикэм Іэмал игъуэтащ илъэси 3-м щегъэжьауэ 7-м нэс зи ныбжь сабий псори сад Іуэхущ ІапхэмкІэ къызэригъэпэщыну. Федеральнэ программэм ипкъ итКІэ 2025 гъэм нэсыху республикэм школ 58-рэ щаухуэну, къыщагъэщІэрэщІэжыну я мурадщ.

- ЕгъэджэныгъэмкІэ политикэм зэхъуэкІыныгъэхэр зэрыхалъхьам ипкъ итКІэ щІэныгъэ гуэдзэн сабийхэм егъэгъуэтыныкІэ Іэнатіэм зрагъэхъуэжьын хуей хъуащ. Абы и лъэныкъуэкІэ пыухыкІауэ сыт хуэдэ Іуэхухэр ялэжьырэ?

- Гъэ кІуэм и кІэухым лажьэу ятІыпщащ щІэныгъэ гуэдзэн сабийхэм егъэгъуэтыныкІэ программэхэр зыгъэзащІэ Іуэхущ Іапхэ зэмылІэужьыгъуэхэр зэригъэІуну зи кьалэн «Дыгъэпс кьалэ» сабий творчествэмкІэ академие» иджырей комплекс лъащІыр.

Дэ ди кьалэн нэхъыщхьэр щІэблэм я зэхэщІыкІым, творческэ зэфІэкІым, узыншагъэм зегъэужьныкІэ иджырей Іэмалхэр зэтегъэуэвэныщ. Егъэджэныгъэм и фІагъыр къэІэтыныкІэ, щІэныгъэ зэрырагъэгъуэт программэхэр зэмыкІуэу къэгъэщІэрэщІэжьыныкІэ, предприятэхэм ядэлэжьэныкІэ, щІалэгъуалэр егъэджэным щІэныгъэлІ пэрытхэмрэ производствэм и цІыху пашэхэмрэ кьыхэшэныкІэ жэуапльныгъэ ин зыпылъ кьалэнхэр ди вузхэми кьэпэщытщ.

А Іуэхум хуэгъэза политикэм и Іыхьэ нэхъыщхьэу нобэми кьэнэ щІэныгъэм зегъэужьныр. Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр центрым, вузхэм, щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтхэм я лэжьакІуэ пашэхэр 2030 гъэм нэсыху республикэм и инноваци зыужьыныгъэмкІэ стратегиер зэхэлъхьэным хэтщ икІи абыхэм я гуэдзэныгъэр ящІ ди щІыналъэм щыІэ хэкІыпІэ псори нэхъ тэмэму къэгъэсэбэпныкІэ Іэмалхэр убзыхуным.

- Жылагъуэ транспортыр къэгъэщІэрэщІэжьыныкІэ лэжьыгъэхэр дауэ екІуэкІрэ?

- Мы гъэм мыльку зэхэлъкІэ кьащэхуэ иджырей автобусу 135-рэ республикэм къыІэрыхьэн хуейщ. Абыхэм ящыщу 47-р лажьэу хуежьащ.

Иджыпсту жыджэру йокІуэкІ пассажирхэр къызэрырашэкІ щІыкІэм хабзэ пыухыкІа хэлъхьэным хуэгъэза Іуэхухэр. Мылькуншэу кьэна (банкрот хъуэ) «Налшык Автобус-Транс» муниципальнэ Іуэхущ Іапхэ зэгуэтым и пІэкІэ Правительствэм и унафэкІэ къызэрагъэпэщащ «Къэбалъкъэбатотранс-1438» къэрал предприятэ зэгуэтыр. ШтатнКІэ абы щылэжьэнухэм я бжыгъэр щІыху 460-рэ мэхъу.

Налшык и дыхьэпІэхэм хуэзэу автовокзалыщІэу тІу щаухуэ икІи абыхэм я фІыщІэкІэ автобус мини 2,5-м щІигъум махуэ хэсэ кьалэм кьыдэмыхьэу ягъэззэжынущ, кьалэм и уэрамхэми нэхъ щызекІуэгъуафІэу щытынущ.

- Иджыпсту гулъытэ хэха хуащІ унэ ныкъуэкъутэхэмрэ кхъаехэмрэ щыпсэухэр къыщІагъэІэпхъуКІыным. Къэбэрдей-Балъкъэрыр а Іуэхум дауэ пэлъэщрэ?

- Нэгъабэ и закъуэ уня ныкъуэкъутэхэм цІыху 433-рэ къыщІагъэІэпхъуКІащ. Республикэм и мылъкуу хилъхьари хэту, а Іуэхум сом мелуан 330-м щІигъу трагъэкІуэдащ. Мы гъэм а бжыгъэр дымыгъэмэщІэным къыщымынэу, дэ абыхэм нэрылъагъуу дащхьэпрыкІын хуейщ.

- Ильэс блэкІар республикэм и дежкІэ тэмэму щытауэ жыпІэ хъуну? ЦІыухэхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным пыщІауэ сыт фхуэзэфІэкІа?

- Зэрыщыту къэралми хуэдэу, 2015 гъэр республикэм и дежкІи тышу щытакъым. Ауэ, апхуэдэ гугъуехьхэм щхьэкІэ къэмынэу, дэ тхуэзфІэкІащ. Зыужьныныгъэм хуэунэтІа гъэгуэгум пытщэн. Къэбэрдей-Балъкъэрыр ящыщщ къэралым и щІыналъэу зи экономикэм нэгъабэ хэхъуэ иІахэм.

Кьапщтэмэ, 2015 гъэм республикэм и валовэ щІыналъэ продуктыр сом меларди 132-м нэсащ, 2014 гъэм елъытауэ ар процентэ 3,3-кІэ нэхъыбэщ. Промышленностым и зэфІэкІыр процентэ 105-рэ хъуащ. Иджыпсту зекІуэ уасэхэмкІэ мэкъумэш хозяйствэм и продукцэр сом мелард 38,7-рэ мэхъу (процентэ 4,4-кІэ нэхъыбэ), ухуэныгъэ лажьыгъэу сом мелард 11,9-рэ и уасэ ирагъэкІуэкІащ (зекІуэ уасэхэм ятекІыхьауэ процентэ 8,2-кІэ нэхъыбэ). ПсэупІэу метр зэбгъэзэнатІэ мин 375-м щІигъу, а 2014 гъэм елъытауэ процент 14,2-кІэ нэхъыбэ хьэзыр ящІащ. Аухэсам и хэкІыпІэ псоми ящІ ипкъ итКІэ капитал нэхъыщхьэм халъхьа инвестицэхэр сом мелард 31-рэ мэхъу, е абы ящІ ита илъэсым елъытауэ процент 21,5-кІэ нэхъыбэщ. Бюджетым и Іэнатіэ псоми налогыу, фІэкІыпІэ зимыІэ нэгъуэщІ платежу сом мелард 15,4-рэ къыхузэщІагъэІуауэ (ари процент 23,5-кІэ нэхъыбэщ).

Социальнэ Іэнатіэр кьапщтэмэ, цІыухэм хуэмэнымрэ егъэджэныгъэмрэ я Іэнатіэхэр къэгъэщІэрэщІэжьыныкІэ программэхэр гъэзэщІэным хуэгъэзауэ екъулІэныгъэ нэрылъагъуэхэр щыІэщ, зэрыщытку кьапщтэмэ, бюджет Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм я улахуэхэр къэІэтыныкІэ къэзэрыгъэхуэщ. Лэжьыгъэшхуэ ди деж щыдгъэжкІащ сабий куэд зэрыс унагъуэхэм, унагъуэ хуэмыщІахэм, ныкъуэдыкъуэхэм, сабий зеиншэхэм ядэІэпыкъуным хуэгъэзауэ. Апхуэдэу нэхъри егугъуащ спортымкІэ, щэнхабзэкІэ, зыгъэпсэхуэныкІэ инфраструктурэм зегъэужьным. ЗэкІэлъыкІуэу елэжьащ жылагъуэ-политикэ зэпІэзэрытыныгъэр, щынагъуэшагъэр зэрыбдэнымк, жылагъуэр зэхуэгъэзауэным. ЗэрыгурыІуэгъэщи, дызыхунэмыса Іуэхухэри мащІэкъым, ауэ зэуэ зы махуэм зэфІэмыкІми, ахэр дэгъэкІыным хуэгъэза лэжьыгъэхэр зэкІэлъыкІуэу ирагъэкІэ. Зэрыщыту кьапщтэмэ, кьыптэщыт Іуэхур пыухыкІащ - ар социальнэ къэхъун псори нэсу гъэзэщІэнырщ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Дзасэжь Хьэзрэталий КъБР-м и Муслъымэн Іуэхущ Іам Іэ и тхьэмадэу хахыж

Налшык дэт Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуаніэм дыгъуасэ щекІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и муслъымэнхэм я VII отчёт-хэхыныгъэ съездэ.

ЗЭІУЩІЭМ кърихьэлІащ КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Битокъу Владимир**, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, Дунейпсо Ислъам миссием и тхьэмадэ **Щ1ыхьэщІэ Шафихь**, Кавказ Ищхьэрэ республикэхэм я муфтийхэр, нэгъуэщІхэри.

Съездым и лэжьыгъэм хэтащ республикэм и муслъымэн зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэу 140-рэ. Абы кьащІэта Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ: 2011 - 2015 гъэхэм КъБР-м и Муслъымэн дин Іуэхущ Іам Іэм кьрихьэлІа лэжьыгъэр, республикэм и муфтийр, ревизэ комиссэр хэхьыныр, Іуэхущ Іам Іэм и Уставым зэхъуэкІыныгъэхэр, дэщІыгъуныгъэхэр хэлъхьэныр.

ЗэІущІэр иригъэкІащ Кавказ Ищхьэрэ Ислъам университетым и ректор **Чочаев Шарафутдин**.

КъБР-м и Муслъымэн дин Іуэхущ Іам Іэм и тхьэмадэ **Дзасэжь Хьэзрэталий** и докладым къызэхуэсахэр едэІуа нэужь, абыхэм кьалэтащ кьапщытэж зэманым Іуэхущ Іам Іэр хьарзынэу лэжьауэ. КъыкІэлъыкІуэ илъэситхуми Дзасэжьыр я Іэнатіэм пэрытныкІэ псори зэдзэрзэуэ Іэ яІэтащ.

Съездым и лэжьыгъэр зэрекІуэкІам теухуа тхыгъэ ди газетым и къыкІэлъыкІуэ къыдэкІыгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

НІОБІЭ

♦**Щэхуакіуэхэм я хуитныгъэхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ**

♦**Беларусь Республикэм и льэпкъ гуфІэгъуэщ - я Конституцэм и махуэщ.** Ар 1994 гъэм Белоруссием и Совет нэхъыщхьэм кьишащ.

♦**1892 гъэм** Инджылызым щыщ хьэрычэтыщІэ Холдинг Джон «Ливерпуль» футбол командэр къызэрыгъэпэщащ.

♦**1917 гъэм** ПІалъэкІэ щыІэ Правительствэм и орган Тэрч къыщыізэрагъэпэщащ.

♦**1990 гъэм** Горбачёв Михаил СССР-м и президенту хахащ.

♦Адыгэхэм я щ1ыхьэ лІыхъужь **Къуныш СултІан-Джерий** къызэралъхурэ илъэси 136-рэ ирокъу.

♦Адыгей драматург, актрисэ, критик **Натхъуэ Долэтхан** къызэралъхурэ илъэси 103-рэ ирокъу.

♦Совет тхакІуэ цІэрыІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь, Лениным и цІэр зезыхьэ саугъэтыр, СССР-м и Къэрал саугъэтыр тІэунейрэ зыхуагъэфащэ **Бондарев Юрий** и ныбжьыр илъэс 92-рэ ирокъу.

♦Физик цІэрыІуэ, академик, Нобель и саугъэтым и лауреат, СССР-м, УФ-м я Къэрал саугъэтхэр зрата **Алфёров Жорес** и ныбжьыр илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Иорданием и профсоюз лэжьакІуэу щыта, Амман дэт Адыгэ ФІыщІэ Хасэм и тхьэмадэ, Хьэшимит къэралыгъуэм и сенатор **Къардэн Самир** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Совет тхакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь, СССР-м и Къэрал саугъэтыр тІэунейрэ, УФ-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфащэ **Распутин Валентин** къызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Урысейм Псым хэлъэныкІэ и федерацэм и вице-президент, УФ-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, Олимп джэгуфэм тІэунейрэ я чемпион хъуа **Саутин Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 42-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфаущ щыщытынущ, уэс къыщесынущ. Махуэм хуабэр градус 1 - 3, жэщым щІыІэр градуси 3 - 2 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Льэпкъ Іущыгъэ:

Бын зимыІэр щІолІэ, зиІэр йолІалІэ.

КъБР-м и социальнэ политикэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэр цIыхухэм я псэукIэр егъэфIакIуэнырщ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

- ЩIынальэм и унафэщIхэм я ехъулIэныгъэ нэхъыщхь дыдэхэм ящыщу цIыхухэм къалъытэ экстремизмэм и Iэужьхэм щысхьырабгъу имыIэу зэребныр. Абы и лъэныкъэкIэ сыт фхузэфIэкIа, республикэм зэпIэзэрытныгъэ щыIэн папщIэ иджыри лэжьын хуейуэ сыт щыIэ?

- Илъэсгъэнгъэхэм къирубыдэу ди пащхьэ ит Iуэху нэхъыщхьэ дыдэр законымрэ хабзэмрэ хъумэныщ, ди цIыхухэм шинагъэнэшагъэ иIэныщ. Хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэ ордзэнхэм я щIыпIэ щыIэ. Псом хуэмыдэу тэмэму зэтрахуэкуд гъуэгу пхэнжьым нэхъ теубэнкIэ хъуну къалъытэ гупхэм зэрадзлажьэ щыкIэр. Псори зыхуэунэтIар щалэгъуалэр щыуагъэхэм ящыхьымрыщ, ахэр террористхэм я сатырхэм щыхьыхь къэмыгъэхъуныщ. Мыбдеж сэбгъыпшхуэ мэхъу щIалэгъуалэ политикэм и унэтIыныгъэ нэхъ мыхъэнэшхуэ зиIэхэр гъэзэщIэным зэрегуфыр - щIэблэм я творческэ жыджэрагъыр къэIэтыным, волонтёрхэм я зэщIэхьеенныгъэм зегъэубгъуным, зэфIэкIыщхуэ зыбгъэдэлъ щалэхэмрэ хъыдджэбэхэмрэ къыхэгъэщыныгъ абыхэм я зэфIэкIхэр къэгъэсэбэпныныкIэ IэмалкIэр зэтегъэуВэным гупыIэтэ зэрахуащIыр. Апхуэдэу сыт и лъэныкъуэкIи зыгъелажьапхъэ Iуэхущ щIалэгъуалэр я хэкур фIыуэ яIахуэгу гъэсэныр. Дэ абы и лъэныкъуэкIэ къыптэщыт Iуэхухэм ящыщ щIэблэр тхыдэм и пэжым, дяпэ итахэм я хабзэм щIопIыкIыныр. ЩIэблэхэр гукIи псэкIи зэпыщIауэ щытныр ди лъэпкъхэр зыхэпсэукI щыткIэщ икIи ахэр щIэгъэжъуэн къэдмыщIу нобэрей махуэм къыпIэщытхэрэ стратегие къалэнхэри тхydгъэкIынукъым.

Апхуэдэу ди хъугъуэфIыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщу лъэпкъхэм, дин зэмылIэужьыгъуэхэм и цIыхухэм яку дэлъ мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ. Республикэм ис лъэпкъ псоми я щэнхабзэ-тхыдэ фIыгъуэхэм пщIэ яхуэщIыныр, зэгурыIуэу зэдзэлажьэныр нобэрей КъэбэрдейБалъкъэрым и нагъыщ я нэхъыщхьэ щIэныр.

- Кавказ Ищхьэрэм щыщыIэ гугъуехь нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ цIыхухэр лэжьапIэкIэ зэкIэгъэпэщныныр. Абы и лъэныкъуэкIэ республикэм сыт щалэжьрэ?

- ПэжрыIэ, КъэбэрдейБалъкъэрым и нагъыщ ящыщу Iуэхущ. Кавказ Ищхьэрэм и адрей республикэхэми ильэс Iэджа лъэндзэрэ къызэрамыгэкIыф гугъуехьщ лэжьакIуэхэр зэрыкуэдыр, ауэ лэжьапIэ IэнатIэхэр зэрымащIэр. Абы къыхэкIыу щыIэ ди къытпэщт Iуэхушхуэхэм ящыщщ Iуэхущ Iапсэ, лэжьапIэ IэнатIэщIэхэр къызэIуахыныр, лажьэу щыIэ предприятэхэр техникэщIэкIэ къызэгъэпэщныныр абыхэм иджырей технологиехэр щызэзгъэзэрэныр. Дэ псоми ди нэгу щIокI. КъуэкIыпIэ ГъунэгъуэщIэ щыIэ гугъуехьщ нэхъыбэ зэрыхьур. Урысейм икIахэм, абыхэм КъэбэрдейБалъкъэрым щыщхэри яхэту, зыщагъасэ «Ислъам къэралыгъуэ» жыхуаIэм и боевикхэм я деж. Ахэр Iэмал зэрилэкIэ нэхъ псынщIэу къагъэзэжу террористщIэхъаджагъэхэр лэжьыным еувалIэну къыхуезыджэхэм урохьэлIэ. А псоми дэ нэхъри дысакъым хуейуэ къытхуэгъэуэ. Дэ лэжьыгъэм и унэтIныныгъэ псоми нэхъыбэ щызэфIэдгъэкIын хуейщ. Мыбдеж мыхьэнэ хэха иIэщ щIэпхъаджащIэхэм я дунейпсо зэпыщIэныгъэхэр, абыхэм я мылъкупкрэ ахъшэмрэ я хэкIыпIэхэр япэ зигъэщу къызэпыудыным, абыхэм Урысейм икI е абы къыхьэ я гъуэгуэгъэ зэхуэщIыным. Терроризмэм и щыналъэуэм щыхэхъуэрэ и деж хууэ егупсысэуэ зэтеуухэр хуейщ абы и щхьэр къимыIэтын папщIэ лэжьын хуейхэм. ДызэщIыгъуэ делэжьмэ, дэ а хабзэншагъэхэр къызэпыдудыфынущ, экстремизмэмрэ терроризмэмрэ я гъуэгур зэхуэтщIыфынущ икIи законымрэ хабзэмрэ хъумэныр, цIыхухэм шинагъуэ я къатемыгъэхьэныр зэрыхуэфащIкIэ къызэдгъэпэщыфынущ.

- Федеральнэ хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьыгъэм и закъуэкIэ къыпхуэгъэувыIэну къыщIэкIынкъым щIалэгъуалэр зобеевикхэм зэрахьыхьэр. Абы къыхэкIыу щIалэгъуалэр щIэпхъаджащIэхэм ящыхъумэным и лъэныкъуэкIэ республикэм и властым сыт зэфIигъэкIрэ?

- ЕгъэлеиуэI Iуэху гугъур - терроризмэмрэ экстремизмэмрэ я щхьэр къемыгъэIэтыныр - щыхьыщхьэм дежи адрей лэжьыгъэхэм къадэкIуэу зэфIэфгъэкIыфын къалэнкъым. Iуэхум и щытыкIэр куууэ зэпкърытхри, дэ гъэ кIуам зэфIэдгъэкIащ лэжьыгъэр егъэфIакIуэным хуэгъэзэ къалэн пыухыкIахэр.

Республикэм и Правительствэм хиубыдэу кIыхьэрагъэпэщащ экстремизмэмрэ терроризмэмрэ я Iэужьхэр къэмыгъэхъыныныкIэ жъуап зыхь министрым и къуплькъур. А министерствэм и дежи ведомствэхэм зэдаIуэ къыщыдзэрагъэпэща гуп хэхам хагъэхьащ хабзэхъумэ IэнатIэхэм, адрей зыхуэфащэ Iуэхущ IапсэкIэ я лIыкIуэхэр. Гъэсэныгъэ лэжьыгъэр езыгъэкIуэкIхэм ядэIэпыкъун папщIэ республикэм и еджапIэ псоми ирагъэбыдыпIащ КъБР-м и къэрал къуплькъущIэхэр. А псори зыхуэунэтIар экстремизмэм и Iэужьхэр къэмыгъэхъуным ехьэлIа профилактикэ лэжьыгъэм и мыхьэнэр къэIэтынырщ. ЩIэпхъаджащIэхэр я мурад мыхъумыщIэхэр гъэзэщIэным хунэмысын папщIэ дэ къикIыщхуэ щымыIэу ирагъэкIуэкI зэхьыхьэхэмрэ псалъэмакъэмрэ я пIэкIэ курыт еджапIэхэм щIэсхэм, студентхэм, спортсменхэм, адэанэхэм, дин зэгухьэныгъэхэм дадзлажьэу щIэздзащ. Властыр зэIуахуэ, дэтхэнэми епсэлъэну хьэзыру икIи Iуэху нэхъ гугъуэхэм тепсэлъыхьыным зыщимыдзейуэ зэрыщыстым къыхэкIыу абы дзыхь нэхъыбэ къыхуащIу хуожьэ, апщIондэху щыкIагъуэ зыныпх псалъэмакъэхэри нэхъ мащIэ мэхъу. Псом хуэмыдэу тэмэму зэтрахуэкуд гъуэгу пхэнжьым нэхъ теувэнкIэ щыкIуну къалъытэ гупхэм зэрадзлажьэ щыкIэр. Псори зыхуэунэтIар щалэгъуалэр щыуагъэхэм ящыхьымрыщ, ахэр террористхэм я сатырхэм щыхьыхь къэмыгъэхъуныщ. Мыбдеж сэбгъыпшхуэ мэхъу щIалэгъуалэ политикэм и унэтIныныгъэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэхэр гъэзэщIэным зэрегуфыр - щIэблэм я творческэ жыджэрагъыр къэIэтыным, волонтёрхэм я зэщIэхьеенныгъэм зегъэубгъуным, зэфIэкIыщхуэ зыбгъэдэлъ щалэхэмрэ хъыдджэбэхэмрэ къыхэгъэщыныкIэ абыхэм я зэфIэкIхэр къэгъэсэбэпныныкIэ IэмалкIэр гупыIэтэ зэрахуащIыр. Апхуэдэу сыт и лъэныкъуэкIи зыгъелажьапхъэ Iуэхущ щIалэгъуалэр я хэкур фIыуэ яIахуэгу гъэсэныр. Дэ абы и лъэныкъуэкIэ къыптэщыт Iуэхухэм ящыщ щIэблэр тхыдэм и пэжым, дяпэ итахэм я хабзэм щIопIыкIыныр. ЩIэблэхэр гукIи псэкIи зэпыщIауэ щытныр ди лъэпкъхэр зыхэпсэукI щыткIэщ икIи ахэр щIэгъэжъуэн къэдмыщIу нобэрей махуэм къыпIэщытхэрэ стратегие къалэнхэри тхydгъэкIынукъым.

Апхуэдэу ди хъугъуэфIыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ лъэпкъхэм, дин зэмылIэужьыгъуэхэм и цIыхухэм яку дэлъ мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ. Республикэм ис лъэпкъ псоми я щэнхабзэ-тхыдэ фIыгъуэхэм пщIэ яхуэщIыныр, зэгурыIуэу зэдзэлажьэныр нобэрей КъэбэрдейБалъкъэрым и нагъыщ я нэхъыщхьэ щIэныр.

- Кавказ Ищхьэрэм щыщыIэ гугъуехь нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ цIыхухэр лэжьапIэкIэ зэкIэгъэпэщныныр. Абы и лъэныкъуэкIэ республикэм сыт щалэжьрэ?

- Пэж дыдэу, КъэбэрдейБалъкъэрми Кавказ Ищхьэрэм и адрей республикэхэми ильэс Iэджа лъэндзэрэ къызэрамыгэкIыф гугъуехьщ лэжьакIуэхэр зэрыкуэдыр, ауэ лэжьапIэ IэнатIэхэр зэрымащIэр. Абы къыхэкIыу щIопIыкIыныр. Iуэхушхуэхэм ящыщщ Iуэхущ IапсэкIэ, лэжьапIэ IэнатIэщIэхэр къызэIуахыныр, лажьэу щыIэ предприятэхэр техникэщIэкIэ къызэгъэпэщныныр абыхэм иджырей технологиехэр щызэзгъэзэрэныр. Дэ псоми ди нэгу щIокI. КъуэкIыпIэ ГъунэгъуэщIэ щыIэ гугъуехьщ нэхъыбэ зэрыхьур. Урысейм икIахэм, абыхэм КъэбэрдейБалъкъэрым щыщхэри яхэту, зыщагъасэ «Ислъам къэралыгъуэ» жыхуаIэм и боевикхэм я деж. Ахэр Iэмал зэрилэкIэ нэхъ псынщIэу къагъэзэжу террористщIэхъаджагъэхэр лэжьыным еувалIэну къыхуезыджэхэм урохьэлIэ. А псоми дэ нэхъри дысакъым хуейуэ къытхуэгъэуэ. Дэ лэжьыгъэм и унэтIныныгъэ псоми нэхъыбэ щызэфIэдгъэкIын хуейщ. Мыбдеж мыхьэнэ хэха иIэщ щIэпхъаджащIэхэм я дунейпсо зэпыщIэныгъэхэр, абыхэм я мылъкупкрэ ахъшэмрэ я хэкIыпIэхэр япэ зигъэщу къызэпыудыным, абыхэм Урысейм икI е абы къыхьэ я гъуэгуэгъэ зэхуэщIыным. Терроризмэм и щыналъэуэм щыхэхъуэрэ и деж куууэ егупсысэуэ зэтеуухэр хуейщ абы и щхьэр къимыIэтын папщIэ лэжьын хуейхэм. ДызэщIыгъуэ делэжьмэ, дэ а хабзэншагъэхэр къызэпыдудыфынущ, экстремизмэмрэ терроризмэмрэ я гъуэгур зэхуэтщIыфынущ икIи законымрэ хабзэмрэ хъумэныр, цIыхухэм шинагъуэ я къатемыгъэхьэныр зэрыхуэфащIкIэ къызэдгъэпэщыфынущ.

- Федеральнэ хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьыгъэм и закъуэкIэ къыпхуэгъэувыIэну къыщIэкIынкъым щIалэгъуалэр боевикхэм зэрахьыхьэр. Абы къыхэкIыу щIалэгъуалэр щIэпхъаджащIэхэм ящыхъумэным и лъэныкъуэкIэ республикэм и властым сыт зэфIигъэкIрэ?

- ЕгъэлеиуэI Iуэху гугъур - терроризмэмрэ экстремизмэмрэ я щхьэр къемыгъэIэтыныр - ущыхьыщхьэм дежи адрей лэжьыгъэхэм къадэкIуэу зэфIэфгъэкIыфын къалэнкъым. Iуэхум и щытыкIэр куууэ зэпкърытхри, дэ гъэ кIуам зэфIэдгъэкIащ лэжьыгъэр егъэфIакIуэным хуэгъэзэ къалэн пыухыкIахэр.

Республикэм и Правительствэм хиубыдэу кIыхьэрагъэпэщащ экстремизмэмрэ терроризмэмрэ я Iэужьхэр къэмыгъэхъныныкIэ жъуап зыхь министрым и къуплькъур. А министерствэм и дежи ведомствэхэм зэдаIуэ къыщыдзэрагъэпэща гуп хэхам хагъэхьащ хабзэхъумэ IэнатIэхэм, адрей зыхуэфащэ Iуэхущ IапсэкIэ я лIыкIуэхэр. Гъэсэныгъэ лэжьыгъэр езыгъэкIуэкIхэм ядэIэпыкъун

★★★

Дыдэрыс автобусым аддэ бгылъэ щIыпIэхэмкIэ дыкIуэцIришащ икIи Каменномост (Къармэхъэблэ) адыгэ къуажэжьым и курыкупсэм деж къыщIыувыIащ. Iэуэльауэшхэу ищIу ежэх псым телъ мывэ лъэмыжым пэмыжыжьэу. А лъэмыжым къытехьэкIаеу аращ езы жылэм и цIэри. Мы щIыпIэ жыжьэм нэс дыкъыщIэкIуам щхьэусыгъуэ хэха иIэт: дэ дыхуеят нэхъ гъунэгъуу зэдгъэщIынхуну Хэку зауэшхуэм лIыхъужьыгъэ зэриихьэу хэта, «IуащIхэм» орденым и нагъыщищри зыхуагъэфэща Мусэ Менлы.

А лIы хахуэм и гугъу къыщIытхуащIакIэт республикэм и къалащхьэ Налшык. ЖыпIэнурамэ, Мусэ зэрыцIэрыIуэр и зауэ зэфIэкIхэм я закъуэкъым.

Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутат, коммунист Мусэ Менлы ФIыщIэ и къуэр Къэбэрдейм и мэлыхъуэ нэхъыфIхэм ящыщщ. ЩIыпIэ жыжьэхэм къикIыуэрэ абы и деж мэлыхъуэ, щIэнигъэлI куэд къыдокIуэ, и Iуэху зехьэкIэ пэрытым щыгъуаазэ зыхуащIыну.

КОЛХОЗ правленэм и пащIантIэм дыщIухэзащ Менлы. Сэлам гуапэ къызэрыдихым и щыхьэтэ, и Iэхэр щиигъэкIащ. Ар лIы къуэгъу мыпIагэр, зи нэ зэвэхр лыд бгырысыр. Сэлам зэтхьу дызэрыщIыхуа нэужь, ди псалъэмакъым щыпIытщащ Менлы и унэм.

- ЗэрыжьыпIэмкIэ, зауэм теухуа си гукъэкIыжхэр сэлэтхэм яфIэхьэлэмэтынущ. Хьунщ. Хьэ гукъинэ сщыхъуа Iуэхугъуэхэм ящыщхэр къэсIуэтэжынщ. Хэт сыт хуэдэ дерс къыхихыными, ар езы сэлэтхэм я Iуэхужщ, - жиIэри хъыбарыр иришэжащ Мусэ Менлы.

* * *

НЭМЫЦ1ЭХЭР ди къэралым и щыхьэрым хуеIэрт, Москва и Iэшэлъашэ уэсыльэхэр я зауэлIхэм я хьэдэхэмкIэ ясейуэ. Ди къалащхьэр къызэращтэным шэч лъэпкъ кьытезымыхьэж бий оркестым фронтым и щIыбагъкIэ щызэрищIаурт фашистыдзэр Москва и Уг Плъыжьым щрикIуэкIэ жиIэну маршыр.

... Зауэ хьэлъэхэр екIуэкIырт. Техникэм хуэдэ дыдэу, зауэлIхэри къемэщIакIырт абы щыгъуэ ди фронтым. Абы кьашэ щIалэгъуалэ цIынэу зэуэкIэ иджыри зымыщIэхэр уIэгъэщым къыщIэкIыжагъащIэ сэлэт нэхъыжьыуэхэм я гъусэу мафIае фронтым занщIэу Iуагъэхьэн хуей хьурт. Гынымэм «епэмыну» иджыри къызыхуимыхуа Мусэм зауэм и пIалъэ фIыуэ зыщIэ, Лисицэ зи унэцIэ украиныIым бгъурыту взводым хэтт. Ар гъусэ къыхуэхъужащ бий къебгъэрыкIуэм езэуэну сэлэтхэм щыгIым щызыдагуэшами. Менлы нафдзэгубдзапIэу кIэлъыпIытт Лисицэ и Iэщэ IыгъыкIэм икIи абы и щапхьэм тету зыхуигъэхьэзыращ бийм зэрезэуэным: танкхэр зэракьуэтэ лагъымхэр щхьэхуэзу игъэтIылъащ, и фочри Iэдэж къищIащ.

Ялэщыкlэ дэнэкIи щымт. А зэпIэзэрытыныгъэр къикьутэу, зэуэ дунейр къагъэзэджащ лагъым къыхэхуэм я макъ лъэщхэм. Къыпщьхъурт езы щIы дыдэр мафIэу къэукъуфейуэ. Лисицэ щIытIым дагъэулъэкIащ, Мусэм ардыдэр ищIащ. Абы и тхьэкIумэIупсыр Iуиудыным хуэдэу, нэ зэрыхьэм дежь лъынтхэушхэр щIыуэрт, и тэмакъыр игъущыкIат, адэкIэмыдэкIэ къыщIыуэ лагъымхэм къапих гъуэзым щIисикIырт и нэхэри. Лагъымхэр кIуэ пэтми нэхъ гъунэгъуэу къыщIыуэрт, ди зауэлIхэм ятIэ фIыцIэ хьэлъэр къатрикIуэу. Менлы къызэрыщыхъумкIэ, езыхьэ и закъуэт псэууэ къэнар - адрейхэр зэхдэхьэзыру щIытIым дэлъу къыфIэщIырт.

Нэмыцэхэр къебгъэрыкIуэрт, автоматхэр иджы гъунэгъу дыдэу щIыльалъэрт.

- Къэсахэщ! - кIиящ Лисицэ. - Фытэдж! Атакэм!

А макъ лъэщым псэ къахигъэхьэжа хуэдэ, щIытIыр зэуэ «къызэщIэтэджащ», дэтхэнэми хуэфащэ зыIэригъэхьажу. Мусэр щIытт, автомат лъэдакъэр и блыпкъым егъэкъуэжащ. Ихьуреягъыр мафIэм зэщIищта хуэдэт. Щы щтар, бжьхуц Iэтэм хуэдэу, дрипхьейрт топышэ кьауэм.

Щэ пщтырхэр зэкIэлъигъэпIащIэу, Менлы бийм триунащIэт и автоматыр, арщхьэкIэ хамэбзэкIэ къэIу кIий макъхэр нэхъ ин икIи нэхъ гъунэгъу къэхъурт. Нэмыцэ автоматгъэхэм я щIыбагъ къыдэпт танк фIыщIэжьхэр. МафIэмрэ гъуэзымрэ къыхэпща я фIыщIэ щынагъ. Iуэхущхэр щIыпIагъуэм, Менлы зы мэскьалкIэ игу къэкIащ нэхъ адэIуэкIэ абы зыпIыуидзыну, арщхьэкIэ зэуэ зэпIэзэрытыгъэр къищтэжри, зы лъэбакъуэкIи и пIэм имыкIыу танкым тришэщIащ быдзу къузауэ иIыгъ лагъымыр.

- Нэхъ гъунэгъуу зыбгъэдэгъэхьэ! - къэкIиящ Лисицэ.

Апхуэдэу ищIащ Мусэм. Нэмыцэ танкыр нэхъ гъунэгъу къыхэхуэда нэужь, абы зэрифIэщIэ идзащ лагъымыр, гъуэхъуэу къэпщ машинэжьым и щIагъым щIэхуэу. Абдеж къауэ макъышхуэ къэIуащ, тIуэу зэщхьэщыха хуэдэу. Ар Менлыи Лисицэ зэкIэлъхьэужьу ядза лагъымхэр танк лъабжьэм къыщIыуауэ арат...

Бийм иебгъэрыкIуэныгъэр а жэщым нэмыцэхэр зэрыдэсыр, ауэ пхъэ къыздыщIихыну мо гуэщымкIэ ахэр зыми къызэрыщымыльагъунур. Апхуэдэуи ящIащ. ЩIалэ цIыкIуми пхъэ Iэпплэ ихьу унэм щIыхьэжа нужь, тIасхъэщIэхэр хуэмурэ гуэщым щIыхьащ. Старшинам «Фыгъуэпли зывгъэпсэху», - псалъэхэр жиIэн иухатэкъым, я пIэм илъ хьэлъэри ирамыхауэ тIасхъэщIэххэр щыкIуриям.

Плъыру къэна старшинар нэгъуэщIым ихьуэжащ, иужькIи дэтхэнэри чэзууэ плъыращ. Дауэ мыхъуми, зы жащ-зы мафхэм щIигъукIэ жеящ зауэлIхэр. ЩIалэ щIыкIум абыхэм гъэпщкIуауэ къахуихьащ шхын тIэкIу. Къынэмыщ1ауэ, абы тIасхъэщIэххэм къажриащ нэмыцэхэм пIащIэ-тхъытхъыу загъэхьэзыру зэрыдэкIар. Абы къызэрыгурыIамкIэ, Гнилушкэ псым телъ пьымыжьыр къагъэуэну загъэхьэзыр нэмыцэхэм, абы ирахьэлIэнухэр гъунэгъу псэуальэм щагъэхьэзыр нэгъуэщI бий гупым. Лъэмыжым ирахьэлIакIэт лагъымэр зэрыльэ ашыкэр, яукъудият кIапсэхэри.

Сабийм и псалъэхэм япкъ иткIэ, ди зауэлIхэм къагурыIуащ Iуэхур зытетыр. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, фашистхэм кьуажэр ябгынэнущ, псым зэпрыкIынурэ адрей Iуфэ лъагэм зыщагъэбыдэнущ, ебгъэрыкIуэныгъэр зыубла ди дзэхэр «я Iэмыщ1эм ису» зэтраукIэн щхьэкIэ. А псори тIасхъэщIэххэм рацэкIэ Iэрагъэхьащ дивизэм и штабым. Абыхэм унафэ кьыхуащIащ: «Бийм и зауэлIхэм я фицIи ныжэбэ лъэмыжьр къэвгъауэ! Фашистхэм Iэмал евмыт кьуажэм дэкIыу адрей псы Iуфэ лъагэм щитIысыкIыну! Къалэныр зэрывгъэзэщIамкIэ хъыбар кьыдэвгъащIэ! ФIыкIэ!»

«Горячие Ключи» цIэр ауэ сытми фIащатэхьэм жьылэм. Абы и Гъунэгъуу ежэх псыр зэи щтыртэкъым - дэнэкIи псынэ пщтырэхэр къыщыщIэжырт. Лъэмыжьыр хэт къигъауэми, мыдрей Iуфэм къытенар хуабжьу гугъу ехьынут псым зэпрыкIын щхьэкIэ. Абы кьыжэкIыу ди тIасхъэщIэххэр бийм и щыкIэ хуейт. Ауэ щыхьэкIи, абы бгъдыхьэгъуейт: ар жэщи махуи яхьуэмэрт нэмыцэхэм.

Лъэмыжым зэрыбгъэдыхьэфыну Iэмалхэм егупсыку тIасхъэщIэххэр пщыхьащхэм зэдэщысым, абыхэм зэхахащ мэзымкIэ кьыщIэIуькI джыдэ макъ. АбыкIэ пльэмэ, лъэмыжым кIапсэлъэрышэу хуэкIуэрт нэмыцэ сэлэт гуп, пхъэ хъурейкэр я дамащхьэм телъу. Асыхьэтым Менлы и гум кьэкIащ лъэмыжым уэзрыбгъэдыхьэ хъунущIкIэр: пшатIэзэхуэуэгъэр кьагъэсэбэну дизауэлIхэм пхъэ хэзых нэмыцэхэм зыхагъэпшэхьэн хуейт, итIанэ, лъэмыжым нэсмэ, я пщэрылъыр ягъэзэщIэным къэнэж щыIэжьыкIи.

Апхуэдэуи ящIащ. Куэд дэмыкIыу тIасхъэщIэхиплIыр яхэтт пхъэхэр мэзым кьыщIэзых нэмыцэ сэлэтхэм. Кучинскэмрэ Мусэмрэ апэ итт. Абыхэм лъэмыжьыр кьагъэуэн хуейт. Абыхэм аужь ит Сорокиныжьмрэ Грунинымрэ кьаланэр зэрагъэзэщIам теууа хъыбар штабым Iэрагъэхьэжьын хуейт.

Лъэмыжьым дежь нэса нэужь, старшинам ищIа унафэм инкIэ иткIэ, апэ ита ди зауэлIитIым пхъэ хъурейр псыхъуэм дадзащ, езыхэри абы иужь иту елъащ. Лъэмыж щIагъым кьыщIэхута нэужь, тIасхъэщIэххэм Iэкlуэлъакlуэу кьахутащ бийм иужьхэдэм кIапсэхэри абдеж щIалъхьэ ашыкэри. Дауи, псэзэпылъхьэпIэт ахэр зэрыгъэтыр. Лъэмыжьыр зэрызэрыгъэбыда пкъыгъуэхэм мыл тельти, лъакъуэхэр тещIэфтырт, тримыуфбдзу. Къинэмыщ1ауэ, Кучинскэмрэ Мусэмрэ ящIыгъ кIапсэхэм.

Лъэмыжьыр къэгъэуэным епха лэжьыгъэхэр зэфIэкIат. Иджы кьэнэжьыр адрей псы Iуфэм нэсыныр, дауэ мыхъуми. Абы щхьэкIэ тIасхъэщIэххэр блэкIын хуейт лъэмыжьыр зыхьымэ плыырым - ар лъэмыжьым тетт, кьикIукI-никIукIыу.

- Iухын хуейщ ар, - щхэуу жиIащ старшинам.

ТIасхъэщIэххэр дакъикъэ зытухкIэ лъэмыжьыр щIагъым щетIысэхащ: уаем игъэдаиз я Iэхэр яIуэтыр абыхэм, Iэпхъуамбэхэм Iэщэр быдэу яубыдыфын хуэдэу. КъыкIэпIэкIуэу абыхэм я щырыкъуэр I1ыхащ, ахэр я бгырыпхэхэм даIури зи щIыбэ кьэзыгъэзащ лъэмыжьым ирикIуэ пльырым кIэлъыпIащ. Зэуэ зыкъиIэтащ Менлы икIи хьэзыру иIыгъ сэмкIэ игъэгъуэлащ зи щIыбым ипкIа нэмыцэ пльырыр...

Гъэугр нэщI хуэдэт ящIа. ТIасхъэщIэххэр пъапцIэу мажэ, я лъэ кьызэрыкIэ. Моуэ зэ адрей Iуфэм нэсатэмэ, кьызэрыгъэуэ машинэм и кьу щIыкIэр яIуэнтIэнти, Iэхэр хъуат...

Абдеж нэмыцэбзэкIэ зыгъэр кьэджащ:

- Къэувы!а! Хэт ар?!

Старшинар лъэмыжьым кьелъащ, уэсым хэхуэу. Менлыи абы зыбгъуридзащ. Ди мэскъал нэхъ дэмыкIыу щэнэфэр зэкIэлъхьэужьу кьауэ макъышхуэ къэIуащ, ихьуреягъыр зэщIигъэзджыдзэу...

* * *

МУСЭМ и деж я гъунэгъур къыщIыхьащ.

Зыгъэпсэхугъэ зэманым. Фоч иIыгъыу щытыр Мусэ Менлыщ. *1944 гъэ, гъатхэпэм и 4*

★★★

ШИРЯЕВ Владимир, *Хэку зауэшхуэм и ветеран, подполковник*

Къуршыбгъэ

къызэтрагъэувыIат. Пщэдджыжьым, щымахуэ дыгъэр зи нэкIум иридзэ сэлэтхэм щаIуплъэм, Мусэр егупсысащ: «Жащым сызыдззэуахэр пелуан гуэру къысщыхьат... КъызэрыщIэкIымкIэ, апхуэдэ лIы-гъэ зыхэлъхэр къызэрыгуэкI щыхуэхэщ, зи Хэкум папщIэ зи псэр зытыну хьэзыр совет зауэлIхэщ».

Апхуэдэу щIидзащ Мусэ Менлы и зауэ гъащIэр.

* * *

ИIУЭТЭЖЬ хъыбархэр зэпиудри, Мусэр гъунэгъу пэшым щIэплъащ. Абы щIэст ипхъу щыкIыр, школым кьэрохихукIэу. А борэнышхуэм, мэзэр тафэри зэпаупщIу, кьуакIи Iуащхьи кьызэранэкIыу, кIуэцIрыкIыт тIасхъэщIэхиплI. Гъуэмылэр дыгъуасэ зыуха зауэлIхэр уэсым кIуэцIрыхурт, ауэ къэувыIэни загъэпсэхуныи хуиттэкъым. Абыхэм кьеплъэкI ямыIэу я пIэм илъ хьэлъэр яхьыт кьызуачэльэгуа щIыпIэм - мэзым адэIуэкIэ щыIэ лъэмыжьым деж. Лагъымхэр апхуэдизу хьэлъэщи, сэлэтхэм я дамащхьэхэр хихуащ, кьуацэ-чыщэхэмрэ жыг кьудамэжьхэмрэ ячатхъэ Iэхэм лъы кьызыдивыкIи яхэтщ. ДэнэкIэу пIэрэ Горячие Ключи кьуажэм и гъунэгъуу щыт, уафэм драгъэпхьеин хуей а лъэмыжьыр здэщыIэр? Мыгъуэщауэ пIэрэ тIасхъэщIэх гупым я нэхъыщхьэ старшина Кучинскэр?

Хьэуэ, игурэ и щхьэрэ зэтелъу макIуэ старшинар, тIасхъэщIэх гупыр кьалэныр гъэзэщIанчи хуиIащ. Ар езыр мы щIыпIэхэм кьыщалъхуащи, зэрымыгъуэщэнр зыхэкъщ. Абы и ужьым итщ Мусэ Менлы, и пIэм илъ хьэлъэмрэ жьыбгъэ щIыIэмрэ задигъэшу.

«Уи напIэр кьемыхьыу укIуэурэ ужеифынущ», - жаIэу ипэкIэ кьыжраIатэмэ, зэи и фIэщ мыхъуну арат Менлы. Ауэ идыж мис: жэщиц-махуищ лъандэрэ зимыгъэпсэхуарэ мыжеяуэ ар здэкIуэм мэжей, и нэбдзыпэ зэтримыльхьэу. Къэхъуащ жыгхэм щажэхэуаи щыджэпаи, ауэ и гъусэхэм къагъэушыжьрэ и гъэугум пищащ. Апхуэдэт зэгъусэхэр псори: зыр жейрэ лъэпэрапэмэ, адрейр абы дэIэпыкъуэгъу хуэхъурт. А гугъуехьэхэр ятелъу тIасхъэщIэххэр пшапэзэхэуэгъуэу хуэкIуэрт къагъэуэн хуей лъэмыжьым.

Языныкъуэхэм деж Менлы щэхуу кьыхидзэрт адыгэ дзапэ уэрэд гуэр, арщхьэкIэ щIыIэм игъэдия Iупхэр «къедалъэртхэсыми», псалъэхэр фIыцIэхэхэрэхьырт. Гугъут, гугъущэт тIасхъэщIэххэм кьыкуагъэува къалэныр. Арат абы «къалэн хэхакIэ» щеджэри.

ТIасхъэщIэххэр сакъэу, щхэуу зэпрыкIырт зэщIэщтха псыпIэм. Абдеж, уафэм кьеувэха фIэкIа умыщIэу, абыхэм я пащхьэм кьихутащ зы нэмыцэ офицер. Нэхъ адэIуэкIэ абы и ужьым итт иджыри зы гуп. ЗауэлIхэр псори зэуэ щтэIэщтабла хьуащ: дэнэ кьэкIлажьэ? ТIасхъэщIэххэр фIыцIэ мэхъу, фашистхэм я бжьгъэр зы взводым нызэрыхьэсынщ.

Зи автоматыр гъэпкIауэ зыIыгъ Мусэм зэуэ щIидзащ бийм шэхэр ятригъэльалъэу. Абы кьыпащащ адрей ди зауэлIхэми. Нэмыцэ сэлэтхэм ящыщ зыбжанэ абдеж щагъэгъуэльащ ди щIалэхэм, арщхьэкIэ езыхэр нэхъ мащIэти, мэз чыцэм зыхадзэжьну хущIэкъуащ. Фашистхэм зыкъащIэжу зэуэным зыхуагъэхьэсырыкъу, зауэ дэкIащ. Ди тIасхъэщIэххэр жэрт, я жейри ятекIауэ, уэсым пхрыкуу, джалэу, къэтэджыкъу. Абыхэм я щIыбагъ кьыдэтт нэмыцэ автоматхэм я уэ макъ Iувыр.

Жэщыбгхэм деж старшина Кучинскэм зауэлIхэм ягу фIы ищIащ:

- Куэд дэмыкIыу мэзыр кьэдухьынущ. АдэкIэ зы бжьизщ дэпльыкIыр Горячие Ключи жыхуэтIэм дынэсынщ.

ЩIыуакъым гупым я пашэр. КIыфым хэту ахэр бгъэдыхьащ, кьуажэм. ИгъэлъыкIри зыщIэдзыкIащ: ихъуреягъкIэ щэхущ, уеблэмэ хьэ банэ макъи щыIэкъым. Старшинар езыр япэ ищащ, щIыпIэр кьихутэну. Ар хуэм дыдэурэ бгъэдыхьащ кьуажэбгъум щыт япэ унэм. Абдеж псэуальэм зы щIалэ цIыкIу кьэкIыкIащ, и бэлъто дытар быдзу кьызэрришэкIри адэкIэ кьыщыт гуэщымкIэ иунэтIащ. Абдеж къепщыIакIэт я старшинам дэIэпыкъуэгъу хуэхъуну хьэзыр адрей тIасхъэщIэхиплI.

ЩIалэ цIыкIур гъунэгъу дыдэ кьыщыхъум, Менлы абы щабзу еджащ:

- Си къуэ цIыкIу!

Сабийр апэщIыкIэ кьэщтащ, арщхьэкIэ ди зауэлIхэм ящыгъ сответ фащэр кьилъагъури, гуфIэу жиIащ:

- Ой... дыдейэращ...

ЩIалэ цIыкIум бгъэдыхьа старшинар абы еупщIащ шынагъэнщэу: жиIэ къыщIэкIын щIыпIэ ягъуэтынрэ ямыгъуэтынрэ. Абы кьажриIащ я унэми зэрыкъуажэуи

Ар топгъауэу хэтат Хэку зауэшхуэм. Бгырысхэм зэрахабзэу, и пыIэ кьуацэр щхьэрымыхьу, ар тетIысхьащ ауэ щыт шэнт щхьэгъуэм, ди псалъэмакъми хуэмурэ кьыхьхьащ.

- СщIэркъым, - жиIащ абы, - иджыпсту сыщымыхуэу скутеухуэжыну пIэрэт си топыр - си нэхэр набгъэ мэхъу. Ауэ Менлы - къуршыбгъащ иджыри. МетрищэкIэ щыгъэтIысса сенычыльэм ар иджыпстуи техуэфынущ фочкIэ.

А псалъэхэр пэублэ хуэхъуащ Менлы сответым и зи чэзу зэхьыхьэм щыхэплъэжащ 2015 гъэм кърикIуэхэм.

АКЦИОНЕР обществэм и унафэщIэхэм я советым и тхьэмадэ, УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и IэхуэхэмкIэ и министрым и къуэдзэ Резников Андрей къызэрыкIуэнущ, 2015 гъэм компанием екъуIэныгъэ иIэу иригъэкIуэкIащ «Архъыз», «Iуащхьэмахуэ» турист-рекреацэ комплексэм нэхъри зегъэужьыным хуэгъэза лэжьыгъэхэр. Псалъэм папщIэ, зи гугъу тщIы курортхэм бгы лыжэ инфраструктурэцIэ зыщIызэгъэпэщын къудейм псори зэхэту сом меларди 4,3-рэ тригъэкIуэдащ.

Компанием «Архъыз» курортым кIапсэ Iэгуэущ1э щиуэхащ, уэсIэрыщI къыщIэзыгъэкIистемэхэр къежьхьыпIэхэм иригъэувэжащ, «Мазэгъуэ хуей» зырIащ1а турист къуажэ щIыкIум къалэн куэд зыгъэзащIэ центр къыщыщIэуихащ, «Iуащхьэмахуэ» турист-рекреацэ комплексым хьыхь «Мир», «Гара-Баши» станцхэм я зэхуакум мы щIыпIэм щыещанэ, Европэм щынэхъ лъагэ дыдэ кIапсэ гъэугущIэ щIыпхишащ.

- Акционер обществэм бюджетым щымыщ мыльку къыхэзылъхьэхэри нэхъыбэ хьуащ, - щыжиIащ мы зэIущIэм Резников Андрей. - Псалъэм пащIэ, «Архъыз» экономикэ щIыналъэ хэхам щедгъэкIуэкI ухуэныгъэхэм гъэблэкIаи къурыбыдзу хьэрыфэтыщIэу 10-м я ахъшэ къыхалъхьащ. Компанием и лэжьыгъэр зэрефIакIуэм и нэщэнэщ иужьрей илъэсхэм Кавказ Ищхъэрэм и курортхэм зыгъэзэхуэкIуэ я къакIуэхэм я бжьыгъэ кIуэ пэтми нэхъыбэ зэрыхьури. Апхуэдэу, 2015 - 2016 щIымахуэ лъэхъэнэм къуриубыдзу зыхьащIа къытхуэкIуахэм я бжьыгъэ мин 350-м нэблагъащ. Ар ипэ ита лъхъэхэм елъытауэ процент 50-кIэ нэхъыбэщ.

«Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» АО-м и унафэщIэхэм я советым и къалэнщ компаниер нэхъыщхьэу зэлэжьыпхьэхэр зэхэзгъэкIынымрэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм, Краснодар крайм, Адыгэ Республикэм турист кластерыщIэ къыщызэIухыныр. Абы теухуа проектым хохьэ Хэсэрэшей-Шэрджэсым - «Архъыз», Шышэным - «Ведучи», Къэбэрдей-Балъкъэрым - «Iуащхьэмахуэ», Осетие Ищхъэрэм - «Мамисон», Краснодар краймрэ Адыгэ Республикэмрэ - «Лагъэнакъэ», Дагъыстэным - «Матлас», Ингушым - «Цори», Армэн я бгыщхэ турист комплексхэр къыщыдзэIухыныр, Каспий хым и Iуфэм гъэмахуэ зыгъэзэхуэпIэщIэхэр щыхуэзыщIэ, Ставрополь краим и псы хуущхъуэ къыщIэжьпIэхэмрэ и ятIэ зэхуэхьэсыпIэхэмрэ бальнеологие курортхэр къыщыдзэгъэпэщыныр, нэгъуэщIхэри.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● КъБР-м и прокуратурэм

Хабзэм еззгъыу къалъытэ

УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм къыщыгъэльэгъуа щIэпхъаджагъэ зэралажьам къыхэкIыу (зэуIу гъэпцIагъэ зэрызэрахьам папщIэ), «КъБР-м капитальнэ хуэныгъэмкIэ и управленэ» къэрал кIэзэнэ Iэхуащ1апIэм и унафэщIэхэмрэ коммерцэ Iэнатlэхэм ящыщ зым и Iэтащхьэмрэ яхуэгъэзащэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ МВД-м следствэмкIэ и къудамэм уголовнэ Iэуху къызэIуихащ.

КъызэрахутамкIэ, лэжьыгъэр къэзыщтам Прохладнэ къалэм Пушкиным и цIэр зезыхьэ и курыт еджапIэ №8-р зэгъэпэщыжьным пыщIа Iэхуэгъуэ псори къэрал зэгурыIуэныгъэм тету икIи пщащхэм зэфIэгъэкIын хуеящ. Бюджет ахъшэр къидыгъун мурадкIэ, сом мелуан 51,3-м щIигъу и уасэ лэжьыгъэ ирагъэкIуэкIащ къыщIэлъэгъуа актхэмрэ хъыбарыкIэ коммерцэ организацэм и унафэщIэм игъэзыхьащ. Капитальнэ уэныгъэмкIэ управленэм щыщ къулыкъущIэхэм, ахэр зэрыпIыр ящIэми, актхэм Iэ щIадзащ икIи 2013 гъэм и дыгъэгъазэм къыщыщIэдзауэ 2014 гъэм и дыгъэгъазэ пщIондэ сом мелуан 28-м щIигъу хуимыту подрядчикым хухахащ.

Уголовнэ Iуэху къызэраIэтар республикэм и прокуратурэм хабзэм еззгъыу къыIытащ. Абы и нэIэ тету, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ МВД-м следствэмкIэ и къудамэр Iуэхум пэублэу хоплъэ.

Хадэм щыщIитIат

Шэрэдж щIыналъэм и прокурорым Iэ щIидзащ илъэс 32-рэ си ныбжь, нэхъапэм ягъэтIысауэ щыта, Къэщкъэтау къуажэм щыщ цIыхухъым хуэгъэзауэ къызэIуаха уголовнэ IуэхумкIэ тхылъым. Ар игъэкъуащэ УФ-м и УК-м и 222-нэ статьям къыщыгъэльэгъуа щIэпхъаджагъэ илъэкъуэ (хуимыту Iэщэрэ шэхэмрэ зэрихъумам къыхэкIыу).

КъызэрыщIагъэщамкIэ, Урысейм и МВД-м и Шэрэдж щIыналъэ къудамэмрэ ФСБ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр Iэхуащ1апIэмрэ я лэжьакIуэхэм ягъэкъуащIэм и Iапсэр нагъабдз дыгъэгъазэм и 9-м къыщащIыгъэм, хадэм щиIэ щыIэ щIэпхъаджагъэ Iэпщ1ыкIуэ щIэдзэм, шэ дыдэм хуэщIа кIэрахъуитI, автоматышэрэ кIэрахъуэшэу куэд къыщагъуэтащ.

Зэрагъэкъуаншэ тхылъыр къащта нэужь, щыхэплъэн папщIэ уголовнэ Iуэхур Шэрэдж щIыналъэ судым ягъэхьащ.

Абы илъэсиплIым нэблагъэ къехь, куэдыуэ сом мин пщIейм нэс тохьэ.

Налогышхуэ зэрыщIиуфам къыхэкIыу

КъБР-м и прокурорым и къудамэ Махуэ Артур Iэ щIидзащ 1970 гъэм къналъхуа, республикэм щыщ цIыхухъым хуэгъэзауэ къаIэта уголовнэ Iуэхумкlэ тхылъым. Ар ягъэкъуаншэ УФ-м и УК-м и 199-нэ статьям и апэ Iыхьэм къыщыгъэльэгъуа щIэпхъаджагъэ илъэкъуэ (налогышхуэ зэрыщIиуфам къыхэкIыу).

Следствэм къызэрихутамкIэ, 2010 гъэм мазаем и 24-м щегъэжьауэ «ЩIыналъэ Дор Сервис» ЗАО-м и унафэщIу щылажьэм, 2012 гъэм жэпуэгъэм и 1-м къыщыщIэдзауэ 2013 гъэм гъатхэпэм и 20 пщIондэ, лжьыгъэм дыщIагъуэ уасэм техьэ налогым теухуауэ 2012 гъэм и иужьрей мазищым ита декларацэр нэпцIу къигъэльагъуэри, а зэманым къриубыдзу сом мелуани 7,6-м нэблагъэ щIиуфащ.

Зэрагъэкъуаншэ тхылъыр къащта нэужь, щыхэплъэн щхьэкIэ, уголовнэ Iуэхур Налшык къэла судым ираташ.

ЩIыхуэхэр ирагъэтыж

Тэрч къалэм «ЩэнхабзэмрэзыгъэпсэхуПIэмрэ я парк» МАУ-м и Iэщ1агъэлIэхэм зэрызыхуагъэзам ипкъ иткIэ, лжьыгъэмкIэ законодательствэр зэрагъэзащIэр щIыналъэм и прокуратурэм къыпщытащ.

КъызэрахутамкIэ, лэжьакIуэ 19-м улахуэмкIэ я щIыхуэу сом мини 146-м щигъу а Iуэхущ1апIэм щызэтрихьат.

Къэпщытэныгъэм кьрикIуам ипкъ иткIэ, щIыналъэ прокуратурэм Тэрч район судым игъэхьащ лэжьакIуэхэм я улахуэр къеIыхыжьыным теухуа иск тхылъ 19.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● **ЗэIуущIэхэр**

ЗэрефIакIуэм и нэщэнэхэр

«Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» АО-м и унафэщIэхэм я советым и чэзу зэхьыхьэм щыхэплъэжащ 2015 гъэм кърикIуэхэм.

АКЦИОНЕР обществэм и унафэщIэхэм я советым и тхьэмадэ, УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Iэхуэхэмкlэ и министрым и къуэдзэ Резников Андрей къызэрыкIуэнущ, 2015 гъэм компанием екъуIэныгъэ иIэу иригъэкIуэкIащ «Архъыз», «Iуащхьэмахуэ» турист-рекреацэ комплексэм нэхъри зегъэужьыным хуэгъэза лэжьыгъэхэр. Псалъэм папщIэ, зи гугъу тщIы курортхэм бгы лыжэ инфраструктурэцIэ зыщIызэгъэпэщын къудейм псори зэхэту сом меларди 4,3-рэ тригъэкIуэдащ.

Компанием «Архъыз» курортым кIапсэ Iэгуэущ1э щиуэхащ, уэсIэрыщI къыщIэзыгъэкIистемэхэр къежьхьыпIэхэм иригъэувэжащ, «Мазэгъуэ хуей» зырIащ1а турист къуажэ щIыкIум къалэн куэд зыгъэзащIэ центр къыщыщIэуихащ, «Iуащхьэмахуэ» турист-рекреацэ комплексым хьыхь «Мир», «Гара-Баши» станцхэм я зэхуакум мы щIыпIэм щыещанэ, Европэм щынэхъ лъагэ дыдэ кIапсэ гъэугущIэ щIыпхишащ.

- Акционер обществэм бюджетым щымыщ мыльку къыхэзылъхьэхэри нэхъыбэ хьуащ, - щыжиIащ мы зэIущIэм Резников Андрей. - Псалъэм пащIэ, «Архъыз» экономикэ щIыналъэ хэхам щедгъэкIуэкI ухуэныгъэхэм гъэблэкIаи къурыбыдзу хьэрыфэтыщIэу 10-м я ахъшэ къыхалъхьащ. Компанием и лэжьыгъэр зэрефIакIуэм и нэщэнэщ иужьрей илъэсхэм Кавказ Ищхъэрэм и курортхэм зыгъэзэхуэкIуэ я къакIуэхэм я бжьыгъэ кIуэ пэтми нэхъыбэ зэрыхьури. Апхуэдэу, 2015 - 2016 щIымахуэ лъэхъэнэм къуриубыдзу зыхьащIа къытхуэкIуахэм я бжьыгъэ мин 350-м нэблагъащ. Ар ипэ ита лъхъэхэм елъытауэ процент 50-кIэ нэхъыбэщ.

«Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» АО-м и унафэщIэхэм я советым и къалэнщ компаниер нэхъыщхьэу зэлэжьыпхьэхэр зэхэзгъэкIынымрэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм, Краснодар крайм, Адыгэ Республикэм турист кластерыщIэ къыщызэIухыныр. Абы теухуа проектым хохьэ Хэсэрэшей-Шэрджэсым - «Архъыз», Шышэным - «Ведучи», Къэбэрдей-Балъкъэрым - «Iуащхьэмахуэ», Осетие Ищхъэрэм - «Мамисон», Краснодар краймрэ Адыгэ Республикэмрэ - «Лагъэнакъэ», Дагъыстэным - «Матлас», Ингушым - «Цори», Армэн я бгыщхэ турист комплексхэр къыщыдзэIухыныр, Каспий хым и Iуфэм гъэмахуэ зыгъэзэхуэпIэщIэхэр щыхуэзыщIэ, Ставрополь краим и псы хуущхъуэ къыщIэжьпIэхэмрэ и ятIэ зэхуэхьэсыпIэхэмрэ бальнеологие курортхэр къыщыдзэгъэпэщыныр, нэгъуэщIхэри.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● КъБР-м и прокуратурэм

Хабзэм еззгъыу къалъытэ

УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм къыщыгъэльэгъуа щIэпхъаджагъэ зэралажьам къыхэкIыу (зэуIу гъэпцIагъэ зэрызэрахьам папщIэ), «КъБР-м капитальнэ хуэныгъэмкIэ и управленэ» къэрал кIэзэнэ Iэхуащ1апIэм и унафэщIэхэмрэ коммерцэ Iэнатlэхэм ящыщ зым и Iэтащхьэмрэ яхуэгъэзащэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ МВД-м следствэмкIэ и къудамэм уголовнэ Iуэху къызэIуихащ.

КъызэрахутамкIэ, лэжьыгъэр къэзыщтам Прохладнэ къалэм Пушкиным и цIэр зезыхьэ и курыт еджапIэ №8-р зэгъэпэщыжьным пыщIа Iэхуэгъуэ псори къэрал зэгурыIуэныгъэм тету икIи пщащ

● Бахъсэн щIыналъэ

Зэдэлэжьэну зэгуроIуэ

Урысей Федерацэм и Президентым и IуэхущхэрзезыгъакIуэ управленэм «Ельцин Борис и цIэр зезыхьэ и Президент библиотекэ» Iуэхущ1апIэм и генеральнэ унафэщIым корпоратив зыужьыныгъэмкIэ и къуэдзэ Макеев Сергей иджыблагъэ щыIащ Бахъсэн район библиотекэм.

САНКТ-Петербург къикIа хьэщIэм КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдинрэ Бахъсэн муниципальнэ щIыналъэм и Iэтащхьэ Iэхъуэбэч Андзоррэ я Гъусэу зриIэтащхьащ Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэхэр, абы тхылъу я1эхэр зыхуэдизыр зригъэлъэгъуащ, сабийхэм папщIэ ягъэлажьэ залми, цIыхухэм тхылъхэр къыщыIах, библиотекэм щIамыхьыу абыхэм щеджэ пэшхэми зыщипльыхьащ, къуажэхэм щыIэ худамэхэм я лэжьыгъэр зыхуэдэми щIэупщIащ.

Макеев Сергей Бахъсэн щIыналъэм и библиотекэхэм я лэжьакIуэхэр къыхуриджащ электрон базэ къызэрагъэпэщыным хуэунэтIауэ «Ельцин Борис и цIэр зезыхьэ Президент библиотекэ» ФГБУ-м дэлажьэну. Абы и фIыгъэкIэ дэнэ щIыпIэ щыпсэуми Интернет Iэмалыр къигъэсбэну Президент библиотекэм и фонд къулейм зыхигъэгъуэзэфынущ.

Зэгуущ и кIэухэм Iэхъуэбэч Андзор хьэщIэм фIыщIэ хуищIащ къаззэрыуеблэгъам папщIэ икIи дяпэкIи зэдзлэжьэну зэригуапэр къыхигъэщащ. Библиотекэм и унафэщI Нэгъуей Радимэ Макеевым иратащ Къбэрдей-Балъкъэрым теухуа альбом щхъуэкIапIэкIэ.

ЧЫЛАР Ариндэ,
Бахъсэн щIыналъэ администрацэм и пресс-лэхущIапIэм и унафэщI.

● Гъуазджэ

Кином и илъэсыр къыщызэIуах

Урысейм и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм хэтхэмрэ «Налшык» (НОТР) телекомпаниемрэ и лэжьакIуэхэмрэ гъатхэпэм и 3-м Iуащхьэмахуэ щIыналъэм Кином и илъэсыр къыщызэIуахащ.

ЩЭНХАБЗЭМКIЭ уардэунэм, Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэм, къыщызэрагъэпэща зэIущIэм кърихьэлIат Урысейм и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм и хэгъуэгу къудамэм и унафэщI, кинорежиссёр, тхакIуэ, «Налшык» (НОТР) телекомпанием и унафэщI **Вэрокъуэ Владимир**, КъБР-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм и секретарь **Сухомлинов Евгений**, «Налшык» (НОТР)-м и оператор нэхъыщхьэ **Карповский Владимир**, Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и унафэщIым и IпэкIэ къуэдзэ **Афашоковэ Раисэ**, Урысейпсо щIыхубэ фронтым и щIыналъэ штабым и Iэтащхьэхэм ящыщ, Тырныауз дэт курыт еджапIэ №3-м и директор **Хутуевэ Любовь** сымэ.

Афашоковэ Раисэ зэIущIэр къыщызэIуихым жиIащ Кином и илъэсым и мыхьэнэр республикэм, я щIыналъэм дежкIэ зэрыиныр.

- Ди деж щыпсэухэм кинор, гъуазджэр фIыуэ ялъагъу. Абы фIэщхьыныгъэ къыпхелъхьэ, ипэкIэ узэрыкIуэтэн хуэру къует. Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и къуажэ зыбжанэ зэрыгушхэн кIэн щIэин яIэщ. Бахъсэн бгъуэнщIагъым и дахагъэр, Кавказыр зыхъума сэлэтхэм зэрахьа лIыгъэр, ди деж щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэ бейр къэрал псом щагъэльэгъуащ. ФIыщIэ хуэсщIыну сыхуейщ, Кином и илъэсыр къызэIуихыну, кино хьэлэмэтхэр ди цIыхухэм яригъэльагъуну и мураду къыткъухеблэгъа Вэрокъуэ Владимир. Хэкупсэ гъэсэныгъэм дыкъыхуезыдджэр гъащIэм щытлъагъу щапхъэхэмрэ тхыдэмрэ я закъуэкъым, гъуазджэм и Iыхьэ кинори абыкIэ сэбэнщ. Образ лъэщ хэм цIыхухэр зэкъуагъуэвэ, блэкIамрэ нобэмрэ зэпещIэ, зэрегъэцIыху, - жиIащ къэпсалъэм.

Кулиев Къайсын и цIэр зэрихьэу Тырныауз дэт щэнхабзэмкIэ уардэунэм 3D IэмалкIэ кинохэр щагъэльагъуэу мы гъэм зэтраухэну, кьалэ кинотеатрыр зэрагъэпэщыжыну зэрамурадыр Афашоковэм дыщIигъужащ.

Къыхэзгъэщыпхъэщ Урысейм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, тхылъ 12 зи Iэдакъэ къыщIэкIа, киноуэ 150-м щIигъу тезыха Вэрокъуэ Владимир илъэс 80 щрикъумрэ Кином и илъэсымрэ гъэщIэгъуэну зэрызэрихьэлIар. Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и унафэщI Уянаев Казимирэ районым щыпсэухэмрэ къабгъэдэкIыу Афашоковэ Раисэ Вэрокъуэм фэеплъ саугъэт иритри ехъуэхъуащ.

Вэрокъуэ Владимири езым и тхылъ, кинофильм, Урысейм и къэрал фильмфондым и къыдэкIыгъуэ щхьэхуэхэр бысымхэм тыгъэ яхуищIащ.

АдэкIэ зэIущIэм щагъэльэгъуащ 2013 гъэм траха «Заоблачный фронт» кинофильмыр. Ар теухуат Хэку зауэшхуэм и зэманым совет альпинистхэм лIыхъужьыгъэ къагъэльагъуэу Тырныауз щыщ сабийхэр, парт, совет лэжьакIуэхэр къурш щхьэдэхыпIэм зэрыщхьэпрагъэкIам. Фильм нэужьым упщIэ зиIэхэм, нэхъыбэу школакIуэхэм, Вэрокъуэм зыхуагъэзащ.

- Нэрылъагъущ адэ-анэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ ныбжьыщIэхэм я псэкупсэ гъэсэныгъэм, я дуней лъагъукIэм зегъэужьыным хуэфащэ гулъытэ зэрыхуащIыр, - къыхигъэщащ Вэрокъуэм. - ЩIалэгъуалэ дахэ диIэщ. ШколакIуэ ныбжьыщIэхэм гъуазджэмрэ щIэныгъэмрэ зыифIэгъэщIэгъуэн куэд яхэтщ. КъБР-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэр апхуэдэхэм ядолажьэ, киномрэ телевиденэмрэ хуэгъэпса творческэ жэрдэм зиIэхэм ар ядИыгъ зэпытщ.

Сухомлинов Евгений дызэрыщигъэгъуэзамкIэ, Кином и илъэсым хэту, цIыху цIэрыIуэхэм, Хэку зауэшхуэм и лIыхъужьхэм, ди республикэм и цIыхухэм я щIыпIэхэм, промышленностым, мэкъумэш IэнатIэм, щIэныгъэмрэ гъуазджэмрэ зегъэузэкIыным зи гуащIэ хэзыльхьахэм ятеухуа фильмхэр ди республикэм и адрей щIыналъэхэми щагъэльэгъуэну я мурадщ.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.

Джатокъуэхэ я лъэпкъ щIэнгъуазэ

Иджыблагъэ дунейм кьыптехьащ «Фамильная энциклопедия рода Гетоковых» тхылъ гъуэзэджэр. Ар игъэхьэзыращ Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ, Урысей Федерацэм и ТхакIуэхэм я союзым хэт Джатокъуэ Юрэ.

АДЫГЭБЗЭКIИ урысыбзэкIи гъэхьэзыра тхыгъэхэр зэрыуэа тхылъыр хуабжу яхуэцыкIэпэнуц ар зытеухуа Джатокъуэ Iэпэкъымрэ абы къыпепщIыкIыжакъымрэ нэмыщI, тхыдэм дихьэх дэтхэнэ зыми. Мыбы щызэхуэхьэсащ адыгэхэм я хабзэм, псэукIэм теухуа хьэлэмэт куэд.

Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеим, адыгэхэр щыхэхэс хамэ къэрал куэдым щопсэу Джатокъуэхэ. Тхылъыр зыгъэхьэзырам я пСори къыхэщIыубыдэн, дауи, хуэзфIэкIакъым. Абы щыгъуэми Джатокъуэ Юрэ къехъулIащ и унэхуэущхэр зэрIуу щыпсэу ди республикэм хьыкъ Къэхъуи, Шытхьалэ, Бахъсэнёнкэ къуажэхэм дэсхэм я къежьапIэр къихутэу, тхылъеджэхэм я пащхьэм ар удихьэхыу кърилъхьэжыну икIи лъэпкъ жыгыр зэхигъэувэжыну.

Джатокъуэхэ ящыщу зы унагъуи къэнакъым ар темыпсэлъыхьауэ. Хэт дапщэщ къалъхуами, сыт хуэдэ щIэныгъэ иIэми, бын дапщэ къыщIэхъуами - пСори зэхэгъэкIауэ тхылъым ихуащ. Дауи, увыпIэ хэка ягъэтащ лъэпкъым и цIыху цIэрыIуэхэм. Абыхэм ятеухуа тхыгъэ щхьэхуэхэр я сурэтхэр дэщIыгъуу Юрэ ди пащхьэм кърелъхьэ.

ЩIыпIэшхуэ тхылъым щабыдащ Джатокъуэхэ я нысэхэми, пхъурылъхуэхэми, абыхэм къехъулIыжахэми. БлагъагъэкIэ зэпащIэ лъэпкъхэм я унэщIэхэри щхьэхуэу къэхьащ.

Джатокъуэ Юрэ къыдигъэкIа тхылъыщIэм куэд зыгъэпIейтей Iуэхугъуэ зыбжанэ къыщыIэтащ. Къэпщтэмэ, ди сабийхэм яфIэтщ цIэхэр къыздикIамрэ къарыкIымрэ - адыгэбзэр и лъабжьэу абыхэм яхэтыр зырызщ.

«Фамильная энциклопедия рода Гетоковых» тхылъыр сурэтхэмкIэ кьулейщ. КъыщыгъэмыщIауэ, псоми яфIэхьэлэмэтын гуэдзэнхэр абы дэщIыгъуащ.

АуанышI тхылъ зыбжанэ зи Iэдакъэщ1экI Джатокъуэ Юрэ мыбыи литературэ напэкIуэцIкIэр щыхухихащ. Абы ихуащ адыгэбзэрэ урысыбзэкIэ «Адыгэ псалъэ» газетым, «Iущащьэмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария» журналхэм къытехуа, Къэбэрдей-Балъкъэрым и радиомрэ телевиденэмкIэ къата статыр пIаскIуэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● ЩIэ

«МыIэрысэм и махуэ»

Налшык дэт курыт еджапIэ №23-м «МыIэрысэм и махуэ» зыфIаща пшыхь щекIуэкIащ.

ПСОМИ фIыуэ ялъагъу мы пхъощхьэмыщхьэм и махуэр къэралыгъуэ куэдым щагъэпсалIэу къэкIуэкI. Ауэ щыхъуэкIи, мыIэрысэ жыг хадэшхуэхэмкIэ ди щIыналъэм хуэдэу къулей къэгъуэтыгъуейщ. Аращ жэрдэмщIакIуэхэм я Iуэхум гулъытэ хэха хуащIыну кьызыхэкIар.

«МыIэрысэм и махуэр» ирагъэкIуэкIын и пэ школакIуэхэм блын газетхэр ягъэхьэзыращ, гъэлъэгъуэныгъэхэр къызэрагъэпэщащ. Псом хуэмыдэу гъэщIэгъуэныщхт къэралыгъуэ щхьэхуэхэм мыIэрысэм щыхуагъэува фэеплъхэм ятеухуауэ школ библиотекэм щекIуэкIа зэIущIэр. БиологиемкIэ, тхыдэмкIэ, математикэмкIэ дерсхэми удахьэхыу щытепсэлъыхьащ мыIэрысэм цIыхум и гъащIэм щиубыд уныпIэшхуэмрэ ди Кавказым щыпсэухэм мыIэрысейм щыхуащI гулъытэмрэ.

ЕджакIуэхэр джэгуIэ щхьэхуэхэмкIи зэпеуащ, мыIэрысэм теухуа уэрэдхэр ягъэзэщIащ. КъыхэжаныкIахэм пхъощхьэмыщхьэпс IэфIхэр хуагъэщащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Пшыхьхэр

Шорэ Маринэ и тхылъым зэхуешэс

КъБР-м и Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм щекIуэкIащ «Гум къыщIэжпсынэ» пшыхь гуапэ. Абы утыку къыщырахьащ Шорэ Маринэ «Си усыгъэхэр» и япэ тхылъыр.

ЩОДЖЭНЦIыкIУ Алий и цIэр зезыхьэ фондым ихьэзригъэпэща пшыхь гуапэр иригъэкIуэкIащ тхакIуэ **Къудей Фаридэ**. Ар къытеувыIащ Маринэ и тхылъыщIэр зыльэIэса куэдым ягу зэрыдыхьам, абы и щIыхьэту тхыгъэ гуапэхэр къызэрыIэрыхьэм, республикэм и курыт еджапIэхэм пшыхьэр зэрыщащIэкIам.

Адэ-анэм, бзэм теухуа и усэхэм къызэхэсахэм кьахуеджащ Шорэ Маринэ икIи кьалэмыр къищтэным щIэдзапIэ хуэхъуэхэм тепсэлъыхьащ. Апхуэдэу ихъыбу Дисанэ щIыкIу и анэм и зы усэ гъэхуауэ ужыну зэрагъэкIуэ зыщIэлъ уэрэдхэр жаIащ Жыпэ Альбинэ, Хьэмырзэ Азэмэт сымэ, нэгъэущIхэми.

Щоджэнцыкыу Алий и цIэр зезыхьэ фондым и тхьэмадэ Щоджэнцыкыу Леонид жиIащ лъэпкъ усыгъэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщI, зи хъэтI зиIэжхэр къыщыунэхукIэ дэтхэнэ зы адыгэри абы зэрыригушхуэр икIи Шорэ Маринэ хуигъэфэщащ я Iуэхущ1апIэм къыбгъэдэкI щIыхь тхылъыр.

Апхуэдэу Маринэ псалъэ гуапэхэр хужаIэу пшыхьым къыщыпсэльащ психологие щIэныгъэхэм я кандидат, КъБКъУ-м психологиемкIэ и кафедрэм и доцент **Сабаншы Ритэ**, КъБКъУ-м адыгэбзэмкIэ и егъэджакIуэ **Езауэ Мадинэ**, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэ **Къумахуэ Аслъэн** сымэ, нэгъэущIхэри.

КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Беппаев МутIалип** зэрыжиIамкIэ, Шорэ Маринэ я зэгухьэныгъэм мыгувэу хагъэхьэнущ.

Пшыхьым щIэщыгъуэу, гукъинэжу екIуэкIащ. Шорэ Маринэ фIыщIэ псалъэкIэ захуигъэзащ зэхьхьэр зи жэрдэмхэм, абы кърихьэлIахэм, ар зыгъэдэхахэм.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

КъБР-м къалэн куэд зыгъэзащIэ и центрым щекIуэкIащ «ЩIалэгъуалэ хъыбарегъащIэ канал» социальнэ проектым теухуа зэIущIэ.

ЩIалэгъуалэр зочэнджэщ

ЩIАЛЭГЪУАЛЭМ яIуащIащ КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэмкIэ и къэрал комитетым и лэжьакIуэ **Романовская Анэ**, «Солнышко» журналым и редактор нэхъыщхьэм и кьалэнхэр зыгъэзэщIэ **Щомахуэ Дарье**, «Горянка» газетым и корреспондент **Битокъуэ Маринэ** сымэ. Ахэр тепсэлъыхьащ блогер къалэныр зэрагъэзащIэ щIыкIэм, уи Iуэху епIыкIэ къэпIуэтэным, Iуэху гуэр пхыбГэкIыным и лъэныкъуэкIэ Интернетым къуит Iэмалхэм.

ЗэIущIэм хэтахэр социальнэ сетхэр жыджэру къэзыгъэсбэнхэрати, ахэр зэчэнджэщащ Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэм ятеухауэ.

Iуэхур къызэригъэпэщащ КъБР-м щыIэ, «ЩIалэгъуалэм я Iуэху зэIумыбзэхэмкIэ институт» жылагъуэ зэгухьэныгъэм, КъБР-м Граждан, жылагъуэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъхэм я IуэхухэмкIэ и управленэр и дэIепыкъуэгъуэ.

КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Гулъытэ

Гуапагъэр уасэншэщ

Сымаджэм и узыр щхьэщызыхым фIыщIэ хэха хуэфащэщ. Апхуэдэм псалъэм я нэхъ Iэфыр лъагъэс, хъуэхъу хуэзхалъхьэ. Гуапагъэр уасэншэщ. Ар гъащIэм къыщыдекIуэкI лъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ къызолъытэ.

МЫ ТХЫГЪЭ кIэщIым зи гугъу щысщынур цIыху псэ къабзэ, гущIэгъуныр, псапэ щIэным къыхуигъэщIа, Шэджэм щIыналъэ сымаджэщым нэм щеIэзэ и къудамэм и дохутыр гумызагъэ Кумыщ Джульеттэщ.

Сэ ныбжь хъарзынэ сиIэщ, илъэс блыщIрэ ебгъуанэр изохьэкI. Си нэхэм сэкъат ягъэтри, щIыпIэ зыбжанэм абыхэм щезгъэIэзат, ауэ сэбэп къысхуэхъуфакъым. ИужьыкIэ, ди къуажэм щыщ щIалэ гуэр игъэхьажауэ щызэхэсхым, абы и чэнджэщкIэ Джульеттэ зыхуэзгъэзати, сыкъигъэпIэжащ, дуней нэхур сигъэльагъужащ. КъыщыщэIэзэм гу лъыстащ сымаджэм и псэм щыщIэр нэсу зэрызыхищIэр, гудзакъэ зэриIэр. Махуэ къэс абы и деж цIыху куэд йокIуалIэ. Абыхэм мымащIэу яхэтщ зи ныбжь хэкIуэтахэр, ныкъуэдыкъуэхэр, унагъуэшхуэхэм ящыщхэр. Кумыщыр дэтхэнэмэ хуэгуапэщ, хуэбэзIэфIщ, нэ лейкIэ йоплъ, егуГуу йолэзэ. Абы игъэхьужаж къыхагъащ езы Джульеттэ, и дэIепыкъуэгъу медсестра Ахьмэт Карини зэрыпсэ къабзэхэр, псапэмрэ гущIэгъуфмрэ я мыхьэнэр, «цIыхугъэ» псалъэм и лъапIэныр кууэ зэрызыхащIэр.

ГъащIэр къуэпс куэду зэхэтщ. Ар нэхъ нэху, хуит зыщIыр цIыхугъэщ, гущIэгъуущ, псалъэ IэфIыпг, гулъытэ нэсырщ. Джульеттэ и дуней тетыкIэм, и хьэлщэным, и Iуэху зехьэкIэм а псори хьылъагъуэри, дохутыр Iэзэ псэ къабзэм и мурадыфIхэр кьехъулIэну, сымаджэхэр кьахуэарэзыуэ и IэнатIэм илъэс куэдкIэ пэрытыну, и Iэщ1агъэм и хъер илъагъуу гъащIэм гу щихуэну си гуапэщ.

Мыри кьыхэзгъэщыпнут: я къралым щытепщэ Iулъхьэр сымаджэщым щызекIуэу зэрызэхэзымыам сыщогуфIыкI.

КУМЫЩ Хьэжмурат.
Бахъсэн щIыналъэ, Къубэ-Тэбэ къуажэ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр

Хьэфыщ1э Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ1эныдж Замирэ, Хьажыкъарэ Алик, Щ1хьэщэмыщ1 Иэ.**



Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр **360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5**

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм я ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; къыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдэгъэкIауэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и оперативэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къанщокъуэ Элэ, редактору ГуГуэт Заремэ, корректорхэу Щоджэн Заирэ (2, 4-нэ нап.), Щоджэн Иннэ (1, 3-нэ нап.), корректорхэм я дэIепыкъуэгъу Нэужьокъуэ Заирэ. КомпьютеркIэ газетым и теплЭр ящIащ Дот Мариэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбакъуэ Анжелэ, сурэтхэм елэжьар Бицу Жанинэ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.072 ● Заказ №338

● Щ1ыналъэ

Зы зыгъэсэныгъэм адрейр къыкIэлъокIуэ

Урысей Федерацэм футболымкIэ и ешэнэ дивизионым и «Ипщэ» гупым мыгувэу щыщIэзыдзэжьну зэхьэзэхуэм зыхуэзыгъэхьэзыр «Спартак-Налшыкым» ещанэ зыгъэсэныгъэ лъэхъэнэр Краснодар крайм хыхьэ Крымск къалэм и «Гигант» спорт комплексым гъатхэпэм и пэщIэдзэм щригъэкIуэкIащ.

ЕЩАНЭ зыгъэсэгъуэм ирихьэлIэу «Спартак-Налшыкым» хэтхэм зэхъуэкIыныгъэ гуэркэр ягъэтащ. Къалпштэмэ, Мейкъуапэ и «Дружба»-м бэджэнду ирата гъащIэхъуэмэ Абазэ Астемырэ гъащIэхъуэмэныкъуэ Мэшыкъуэ Хьэчимрэ я пIэкIэ гупым хахъэхащ Новочеркасск и МИТОС-м къраша Войнов Денисрэ «Спартак-Налшыкым» и щIалэгъуалэ гупым и гъащIэхьэтет Къардэн Имранрэ.

Зыгъэсэныгъэхэм къадэкIуэу ди щIалэхэм зэныбжьыгъуэ зэIущIэхэри ирагъэкIуэкIащ. Абыхэм къыщащпщытэжащ адэкIэ зэлэжьыпхъэхэр.

«Спартак-Налшыкым» гъатхэпэм и 3-м япэ зэIущIэр дригъэкIуэкIащ Урысей Федерацэм футболымкIэ и ешэнэ дивизионым щыдзэгу «Ротор-Волгоград» командэм.

Ялэ Iыхьэм лъэныкъуэхэр зэхуэдэу зэпэщIэтащ икIи бжыгъэр къызэIуахыну зыми хуэзфIэкIакъым. Загъэпсэхуу къиухэжа иужькIэщ «Спартак-Налшыкым» бжьыпэр щиубыдар. Абы и гугъуехьэр псыхэкIуадэ хъуакъым. СэмэгурагъуамкIэ Войновыр кIуэдIрыкIыу къыхита топыр 65-нэ дакъикъэм ЛIуп Исльам Iэзэу гъэм щиГъэкIащ. АдэкIэ бжыгъэм зихъуэжакъым икIи 1:0-у ди щIалэхэм текIуэныгъэр зэрыщIагъэхьащ.

«Спартак-Налшыкым» хэту «Ротор-Волгоград»-м дэджэгуну къихьат Городовойр, Мэкъуауэр, Мурачёвыр, Дашаевыр, Соблырыр, Войновыр, Семёновыр, Балъкъэрыр, Ахриевыр, Багъэтырыр, ЛIупыр. ИужькIэ абыхэм ящыщ зыбжанэ яхъуэжащ Уэрсейм, Бажэм, Гъурфым, Гугуевым, Албегоевым, Лелюкаевым.

Махуилпl дэкIри, гъатхэпэм и 7-м, ди щIалэхэр я1ущIащ етIуанэ дивизионым и «КъуэкIыпIэ» гупым хэт «Чита» командэм. «Ротор-Волгоград»-м щыдэджэгуам елъытауэ «Спартак-Налшыкым» иджы хэтхэм зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр ягъэтат. Джэгур къыщIадзащ Антиповым, Тебэрдым, Дашаевым, Мурачевым, Кузнецовым, Дзыхьмыщым, Дроздовым, Гъурфым, Каркаевым, Бажэм, Гугуевым. ЗэIущIэм и етIуанэ Iыхьэм зыкъагъэльэгъуэну Iэмал ягъэтащ Мэкъуауэм, Войновым, Ахриевым, Семёновым, Балъкъэрым.

«Спартак-Налшыкым» и футболистхэр я хьэрхуэрэгъуэхэм сыткIи ефIэкIащ, тепщэныгъэри зы дакъикъэ зыIэщIагъэкIакъым. АрщхьэкIэ, псом ящхьэр яхуэзфIэкIакъым - я хьэрхуэрэгъуэхэм я гъэм топ яхудэгъэкIакъым. «Чита»-м апхуэдэ Iэмал иIэхакъым. Арати, 0:0-у лъэныкъуэхэр зэбгъэдэкIыжащ.

Мы зэIущIэм иужькIэ ди щIалэхэм Налшык къагъэзэжащ. Махуищ-плыкIэ загъэпсэхури, абыхэм къыкIэлъыкIуэ зыгъэсэгъуэм мэрем кIуам щадзащ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.